dan selalulah kalian bertugas membinanya,
mengarahkan agar mereka-mereka itu yang melakukan tugas pekerjaan-pekerjaan tadi menjadi manusia yang utama (berbudi luhur).

bait ke-38

Lagipula bertindaklah adil dan bijaksana,
terhadap semua kawula raja,
berilah kecukupan pada mereka,
bukankah mereka itu juga titah Tuhan?
(yang digolongkan dalam bait ini, termasuk penjelasan mereka yang bekerja sebagai penghias kraton, yang mengerjakan barang mas-masan, intan-permata, memelihara merawat pintu-pintu gerbang praja, atau mereka yang bertugas memelihara segala sesuatu yang menjadi kesenangan raja, mereka yang bertugas berulah pangan atau mengadakan pangan).

bait ke-39

Jangan sampai campur-baur,

haruslah jelas antara satu dan lain hal,
namun juga sampai kau putus-asa,
sebab mereka yang bersedia mengabdikan dirinya pada raja,
yang tergolong pekerjaannya memelihara penerangan di jalan-jalan di desa-desa ataupun di dalam praja sendiri,
mereka yang tergolong orang-orang dagang (saudagar-saudagar),
tak luput (lepas) bertugas juga menjaga keharuman prajanya.

bait ke-40

Akan halnya mereka yang digolongkan menghayati "pedang" (kecuali "kalam", "pedang" dimaksud menjadi syarat lainnya bagi manusia yang mengabdikan dirinya kepada praja)
mutlak raga dan jiwanya diserahkan kepada raja (dimaksud praja, ialah dituntut kesetiaan lahir dan batin dalam mengabdikan diri)
dalam segala ulah-tindakannya,
tutur-kata dan bahasanya tidak menyakiti hati orang lain,
tak lain yang menjadi cita-citanya,
hanya menuju keutamaan lahir maupun batin,
menjaga ketentraman praja,
berbakti kepada Hyang Endra dan Hyang Candra.

bait ke-41

Andaikan itu "kalam",
kalam bukan sebarang kalam, (kalam dimaksud alat-tulis atau semacam pena dari kabung atau resam, dapat diartikan juga yang ditulis dengan alat itu "sabda-sabda Allah", yang tiada lain mengandung kebenaran, kebajikan, keutamaan dan sebagainya. Bukan dimaksud menulis kata-kata yang sebaliknya, yang bukan-bukan).
kalamolah dan sorga ialah yang diguritkannya,
bukan pula kalam sebesar "lidi",
lagipula kalau lidi diruncingkan tak dapat lagi,
kalau dibuangpun akan mencelakakan orang,
jangan-jangan menyuruk telapak kaki anak-anak,
membentur kaki pun akan merusakkannya,
kalau semacam itu hanya berguna bagi sarana orang jahat saja.

bait ke-42

Mereka yang digolongkan menghayati watak "pedang",
tekun setia berbakti kepada perintah raja,
bagaikan apa kehendak akan gerak sikalan itulah dirinya sendiri,
disuruh menghunjamkan dada menyembahpun jadi,
andai pula diperintahkan "mabuk",
mabuk bukan sebarang mabuk,
namun "mabuk mandi darah di peperangan",
sampai pun nyawa lepas dari badan jadilah,
setapak pun tak akan mundur dari arena medan-laga.

bait ke-43

Namun mereka yang kebiasaannya hanya bertindak jahat,
yang kebiasaannya pula hanya mencelakakan orang lain,
tingkah dan lakunya hanya akan mengundang datangnya bahaya,
mereka itulah tidak pantas hidup di dunia ini,
mereka itulah pula yang harus dienyahkan dari permukaan bumi.

bait ke-44

Mereka itu hanya membuat onar dan ketidaktentraman saja,
mereka pula yang selalu membuat para kawula lainnya dalam ketakutan,
lagaknya sebagai "pahlawan" namun sebenarnya sebagai "pengecut",
andaikan di pinggir jalanpun mereka kecil hatinya,
di medan laga kecut hatinya melihat kilat dan terhunusnya pedang,
bukannya memperhatikan tajamnya pedang,
wataknya dan tingkah polahnya hanya menyombongkan diri,
bersiul melenggang menyelusuri jalan-jalan,
menyombongkan diri mengobral keberanian dan kesaktian.

bait ke-45

Itulah yang dimaksud penghayatan dengan watak "pedang",
bagaikan "bisa yang ampuh dan mematikan",
memukul musuh dan lawan,

bersatu padu manunggal tekad,
gotong-royong dalam menunaikan tugas,
kalau dapat digambarkan,
para narapraja hanya berbuat "mati" dalam menyandang tugasnya,
kata dan perbuatannya seimbang,
tak ada kata dan perbuatan yang tidak serasi,
kalaupun mereka terpaksa tidak menepati janji,
lebih baik mati di ujung mata pedang.

bait ke-46

Akan hal kematiannya tak akan dihiraukan lagi,
janjinya hanya setia dan mati berbakti kepada negara,
matinya sebagai bukti wujud kebaktiannya,
itulah mereka tak ubahnya bergerak berhenti bagaikan ulah-geraknya kalam,
menurut apa yang diperintahkan,
andaikan disebutkan dalam apipun jadilah.

bait ke-47

Sorga baginya pada mereka yang melakukan penghayatan watak "kalam",
dalam peperangan mereka berperang hanya di jalan Allah,
mereka tak akan bingung dalam medan peperangan,
tak akan gentar menghadapi lawan musuh yang sakti,
hanya bertekad bertempur mengarungi samodra darah.

bait ke-48

Lengkap sudah apa yang diuraikan perihal penghayatan watak "pedang",
wahai kalian sebagai makhluk ciptaan Tuhan,
jangan sampai kau cemarkan namamu,
bukankah kau dinamakan sesuai pangkat dan tugas golonganmu masing-masing?,
itulah pula kaudinamakan "yang tergolong pada pedang",
sebab golongan "pedang" berarti,
"menjadi sebat dari negara", (pedang nagara)

contoh dan tirulah watak-watak dari Sang Hyang Bayu dan Sang Hyang Brama (Delapan jalan kekeutamaan atau ASTHA BRATA, berisikan tuntunan menuju jalan kehidupan yang luhur dan utama dengan jalan meniru laku-laku dari delapan dewa-dewa, antara lain Sang Hyang Bayu, Sang Hyang Endra, Sang Hyang Candra, Sang Hyang Surya, dan sebagainya)

bait ke-49

Bagikan senjata pedang yang utama sekali ialah,
mereka berkewajiban dapat mempertahankan lestarinya praja,
mereka dapat menyelamatkan praja dari bahaya kehancurannya,
andai pula bagaikan pusaka,
tak ubahnya pusakanya Baron Sekender,
lahir disertai pusaka pedang,
dijadikan oleh Tuhan sebagai "pahlawan" dari negara sabrang.

bait ke-50

Jangan pula sebagai pedang,
yang ujungnya besar-melebar namun tidak runcing dan tajam,
tebalnya meragukan,
itu namanya pedang kuat tapi tidak tajam
kaku dan repot untuk dipergunakannya,
pantas hanya dipergunakan bagi "maling",
dibuang karena beratnya saja.

bait ke-51

Itulah kaidah hukum bagi kehidupan manusia ciptaan Tuhan,
malu kalau berbuat hina dan tercela,
hanya berwatak "kalam dan pedanglah",
yang menjadi penghayatan dalam pengabdian dan kehidupannya,
jika kalian di jalan kebenaran tak jauh lagi nugraha Tuhan akan jatuh padamu.

bait ke-52

Keselamatan sebagai payungmu kesejahteraan selalu di samping-mu,

dijauhkan dari malapetaka,
orang yang bijaksana,
tutur katanya selalu menentramkan hati orang lain,
bijaksana dalam menghayati kehidupan manusia lain,
pantas mereka dinamakan dekat dengan Tuhan,
dikarenakan mengetahui dan memahami kaidah hukum kehidupan manusia di dunia ini.

bait ke-53

Sesungguhnyalah suri-tauladan yang tersebut tadi merupakan yang paling utama,
tak ada lain tuntunan yang melebihi baiknya,
konon semua makhluk di muka belahan bumi ini,
mulai dari Nabi Adam,
sampaipun Sang Prabu Parijan dan jaman Kaliyoga,

bait ke-54

Sarana (jalan) yang utama,
bagi kedelapan nayaka,
berkewajiban menjaga keselamatan raja,
syarat yang utama bagi mereka,
setia berlaku dalam menghayati watak "pedang",
namun kalau sampai mereka meninggalkannya,
celakalah praja seisinya.

bait ke-55

Saya yang ditugaskan menulis cerita Dumba-sawala ini,
kehabisan sudah akan bahan-bahan cerita,
diriku kupaksa sekalipun tak mampu lagi mengulurnya (menceritakan lebih lanjut lagi, sudah tamat),
namun untuk melanjutkannya sudah barang tentu akan mengumpulkan bahan-bahan cerita terlebih dahulu,
namun kujanjikan kelak kalau sudah tersusun ikhtisarnya saya pun menyanggupkan diri untuk melanjutkan ceritanya lagi.

bait ke-56

Tamat sudah hati bercerita,

tanggal 26 malam 27 bulan Puasa Windu Wawu,
taun Jawa 1803 (taun Masehi 1874),
semoga Tuhan memberkahinya,
janganlah sampai kita kehilangan arah,
puji-pujian kupanjatkan kepada Tuhan,
semoga kami semua dikaruniai rahmatNya.

# DUMBASAWALA

## DUMBASAWALA

Lembaran ngajeng:
Pupuh GAMBUH wonten 2 pada:
– pd. 1 – b.d.z. Respati sore nuju,
pd. 2 – b.d.z. Sutlip rata genipun,
s.d.z. Marga Boma Murti Katong (1809 AJ/ 1879 AD)

Pupuh DURMA (I), 20 pada kaca 106 — 110
– pd. 1/1 – b.d.z. Aywa mundur sira kang piniji marang,
pd. 20/5 – b.d.z. Kinon mundhut medal laju angajengna,
s.d.z. anembang gambuh sami.

Pupuh GAMBUH (II), 25 pada, kaca 110 — 114
– pd. 1/5 – b.d.z. Sinigeg aprangipun,
pd. 25/9 – b.d.z. Sapa kang pantes maju,
s.d.z. kang tan mungkur ing pakewoh.

Pupuh PANGKUR (III), 19 pada, kaca 114 — 118
– pd. 1/9 – b.d.z. Wus kinanthi Baladewa,
pd. 19/13 – b.d.z. Surat kinon laju winaca,
s.d.z. manis swaranya angrengih.

Pupuh DHANDHANGGULA (IV), 8 pada, kaca 118 — 120
– pd. 1/13 – b.d.z. Thrustheng tyas myat sarkara Sang Aji,
pd. 8/15 – b.d.z. Wahyaning tyas suka mring beg nisthip,
s.d.z. supaya tuk raharja.

Pupuh PUCUNG (V), 183 pada, kaca 120 — 143
– pd. 1/15 – b.d.z. Para kulup memacanga budi cukup,
pd 183/38 b.d.z. Sira Abunandir mring raka umatur,
s.d.z. wus gulinga yayi pan meh gagat enjang.

Pupuh SINOM (VI), 16 pada, kaca 143 — 148
– pd. 1/38 – b.d.z. Sinigeg kang pocung dawa,
– pd.16/43 – b.d.z. Titi tlasireng pangripta,
s.d.z. Sampurnanya ing Badan Sariraning Rat. (1810 AJ utawi 1880 AD)

Pupuh KINANTHI (VII), 38 pada, kaca 148 — 155

– pd. 1/43 – b.d.z. Kinanthi pamalad kalbu,
pd 38/50 – b.d.z. Budi langip watekipun,
s.d.z. mbeging pra mantri winijil.

Pupuh MIJIL (VIII), 48 pada, kaca 155 — 163

– pd. 1/50 – b.d.z. Weneh ana kang darbe beg paksi,
pd 48/59 – b.d.z. Nora pakra nistha malah olih,
s.d.z. ywa mundur den tulung.

Pupuh DURMA (IX), 62 pada, kaca 163 — 176

– pd. 1/59 – b.d.z. Kang waspada mring tyas pra mantri samaha,
pd 62/72 – b.d.z. Ngajeng jroning rana miliha punggawa,
– s.d.z. geter kang kingkin wedi.

Pupuh ASMARADANA (X), 37 pada, kaca 176 — 184

– pd. 1/72 – b.d.z. Dursila tan ana angancik,
pd 37/80 – b.d.z. Iya lan kasebut ngarsi,
s.d.z. wruha rompyohing wiyata.

Pupuh SINOM (XI), 56 pada, kaca 184 — 199

– pd. 1/80 – b.d.z. Sabawa pratingkah guna,
pd 56/96 – b.d.z. Titining tyas kapedhotan,
s.d.z. anggapilna widadaning wah pangripta.

Lembaran wingking piyambak katerangan sangking Arya PURBANAGARA, kc. 95

## GAMBUH

1. Respati sore nuju,
   tabuh catur kangjeng sangaprabu,
   awulangun lan garwa marang woddari,
   lir saben wadyestri jalu,
   kang umiring marang dhepok.

2. Sutlip rata genipun,
   para gangsal utusan wus kalbu,
   badhud yaga tan kari nabuh neng bukit,
   sangkalaning taun nuju,
   Marga Boma Murti Katong.

## DURMA

1. Aywa mundur sira kang paniji marang,
srinarendra don jurit,
Baladewa lawan,
sira Baratasena,
Singgunkara Baruklinthing,
ri Sabtu benjang,
tanggal trilikur sasi,

2. Saban Wawu ing warsa sangkalanira,
Trus Luhur Sarira Ji,
ginadhang prang lawan,
singa tutul Ungaran,
neng Langenarja wedari,
supaya dadya,
kontapireng praja di.

3. Kaping kalih supaya minangka dadya,
sesambeting kinteki,
babad duk kalanya,
Dhadhungawuk prang lawan,
Margapati sura seti,
roncen cinekak,
wus prapteng Sabtu ari.

4. Bratasena piniji mangsah ing ngarsa,
ngampil taji kiyai,
rajang parang muka,
Bratasena duk kala,
malebu papan piranti,
ing aprangira,
janggileng katon wani.

5. Gebres-gebres kiter ing papan paprangan,
ngambus-ambus kang kori,
ning sang Margadipa,

buntut jenthar kalawan,
mripatira katon andik,
tandya sang sima,
binuka ingkang kori.

6. Bratasena jegreg kendel kiterira,
mangarepken mring kori,
ning garobog sima,
gora sabda sarosa,
Bratasena datan wigih,
mandar yen sima,
mungup-mungup neng kori.

7. Pan tinatap mundur sira Margadipa,
sinurak wanti-wanti,
dening wadya kalang,
gandhek tan antuk suka,
pathenthengan denya murih,
ing wedalira,
sira sang Margapati.

8. Lagya medal tinatap lempeng kang kiwa,
rikat lumebu malih,
saya bal-ambalan,
surak gumuruh kadya,
karya gonjinging wedari,
sang singa tansah,
gora sabda mawanti,

9. Nanging ring sang Bratasena tan wegah,
myarsa swarsa ngajrihi,
mandar gebres nujah,
Margapati anulya,
wimba saking grobog aglis,
cangkem angablak,
mangkeret yayah kadi.

10. Arsa nubruk tinatap anggora sabda,

singa ngancap ngajrihi,
Bratasena tadhah,
kanin taji sardula,
pok bau ngarsa kang kering,
sang Margadipa
dhoko ngungkurken maring.

11. Bratasena rikat natap tepongira,
noleh sang Margapati,
mangap cangkemira,
siyung kuku kawuryan,
kasaru timbalan aji,
sang Singgunkara,
piniji nengah jurit.

12. Margapati pinurih lumebu marang,
ing grobog malbu aglis,
ring sang Singgunkara,
ingayap among para,
dhampyak-dhampyak sira sami,
ngibing tayungan,
sarta makanjar sami.

13. Sira sima sambata wong werdanira,
ing mengko sira mati,
dening Singgunkara,.
wus malbu papan aprang,
anjanggileng yitneng ati,
tansah angungak,
parnahing Margapati.

14. Tandya korining garobog wus binuka,
anggro sima ngajrihi,
Singgunkara yitna,
wadya gandhek angucap,
heh sima den ngati-ati
yen sira medal,
lamun tan andhingini.

15. Temah sirna yitmanira kombul marang,
delahanira nguni,
mungsuhmu prawira,
semu wanter sru rosa,
pra among menda mangsul ngling,
samya sarengan,
babo sang Margapati.

16. Dhinginana mengko koprot angganira,
katanggap taji lungit,
pangunahing mengsah,
kang kaya dhapurira,
nadyan nguni sakeh kambing,
memongsonira,
nanging samengko iki.

17. Males ukum marang sira para sima,
nadyan kakekmu benjing,
kang ingaran sima,
gembong ing tembe samya,
datan wande sira mati,
martobat marang,
trah kaping pitu dening.

18. Risang harya Singgunkara prawireng prang,
wus medal Margapati,
mangap ngangah-angah,
mengo nengen mangiwa,
tinatap kataman taji,
ing jangganira,
jola mlumpat mring wuri.

19. Nira radyan Singgunkara sru trangginas,
minger natap anitir,
sima wus palastra,
surak gumuruh gangsa,
ngungkung kadya nengker langit,
timbalan nata,

sima kalawan kambing.

20. Kinon mundhut medal laju angajengna,
prawira Baruklinthing,
mungsuhna lan singa,
tutul gedhe kang galak,
sandika pra among sami,
rumagang lawan,
anembang gambuh sami.

## GAMBUH

1. Sinigeg aprangipun,
Singgunkara gantya kang winuwus,
Baruklinthing binakta marang ing ngarsi,
cinaketaken pangawung,
ginaredeg kang pra among.

2. Busana miranti wus,
gya kinanthi marang ing panawung,
Baruklinthing teteg tatag manggut jurit,
wus lumebet sang pinunjul,
mengsah mong tutul geng kaot.

3. Baruklinthing duk malbu,
mubeng kiter ngungak anguk-anguk,
anjanggileng miyat nganan myang myat ngering,
jengengek pranaja manglung,
anglungken jangga sang Badro.

4. Suku kalih kang ngayun,
gedrug siti mapanken met kukuh,
kenceng ingkang carma kiyat ambeg wani,
wantering aprang pinunjul,
jaroting angga geng kaot.

5. Yata wau mong tutul,
sinogokan para gandhekipun,
anggreng gero sora swarane ngajrihi,
aneng grobog mungup-mungup,
ngungak luhur gya myat Badro.

6. Gora sabda mong tutul,
tatag teteg Baruklinthing teguh,
netra kalih ngalirik mantheleng keksi,
tan ajrih mengsah mong tutul,
Margapati gemprong-gemprong.

7. Janggilengan sang Baru–,
klinthing poma bisaa celathu,
tanya sapa anandhingi jeneng mami,
payo ngadu tosing balung,
wuleting kulit lan otot.

8. Samya ijen lan ingsun,
wedhus gembel metuwa mong tutul,
aywa pijer gora sabda aneng panti,
metuwa sun kudang sungu,
mupung Ungaran sira mong.

9. Kang tanggon bae tutul,
sira mengsah wedhus gembel ingsun,
samya aprang arog bandawala pati,
sapa kang tiwas prang pupuh,
sira lan sun samya bandhol.

10. Nadyan ingsun rumuhun,
wus winisik marang bapa biyung,
memangsanmu mula durunge wak mami,
pinilala marang ratu,
aywa ta marang sira mong.

11. Yen tan gila adulu,
nadyan marang srenggala wak ingsun,
gila kiter yen kapapak marang anjing,

mula ngong sengit kalangkung,
marang sinyo pening bandhol.

12. Sring suka murih bunjung,
srenggalanya ngoyak angganingsun,
marma mangko ana karsaning narpati,
sun kinon prang lan dhapurmu,
masa girisa wak ingong.

13. Baruklinthing pan mundur,
mapanaken sungu kalihipun,
singa medal nubruk mring sang Baruklinthing,
tinangkis taji mong tutul,
tutuk kataman gya gero.

14. Tangan nyangkerem sungu,
Baruklinthing mundur nyurung maju,
singalodra jengkeng kataman taji,
jaja kanin gronjal mumbul,
uwal panyangkereming mong.

15. Mancolot mring mandhuwur,
sinogokan tan dangu gya nubruk,
Baruklinthing sigra tadhah pasang taji,
kasampe sungu kacakur,
gya natap sira sang badro.

16. Kataman taji ambruk,
anjrebabah dhepani pangawung,
marus dlewer balabar sing tutuk mili,
gandhek cikat ngambil banyu,
kinarya gontor sira mong.

17. Sardula sigra wungu,
mangap-mangap angisis kang siyung,
laju nubruk tinadhahan taji kenging,
singa gronjal jola mumbul,
dedel siti sru mancolot.

18. Maring payon pangawung,

kalang nyogok marang singa tutul,
tandya anjlog lan nabok mukaning kambing,
kenging taji sru dinudut,
ginudag ambruk sira mong.

19. Uwal tangan wus konus,
lenger-lenger ginontoring banyu,
tangi gregah gya nubruk mring Baruklinthing,
asta karo sru anakur,
marang wulune sang badro.

20. Baruklinthing anyurung,
marang singa tutul gantya nyurung,
kiter mubeng pan surung-sinurung sami,
ngadu kuwat tosing balung,
gantya met asoring mungsoh.

21. Tan pegat surakipun,
wadya kalang lan sesaminipun,
sarwi jengklek saking sukane ing kapti,
rame suraknya gumuruh,
gangsa tan kendhat tinaboh.

22. Angungkung swaranipun,
Baruklinthing oncat rikat mundur,
laju natap sarosa sima gumlinting,
gandhek rikat ngambil banyu,
ginontor mong saged dhodhok.

23. Baruklinthing sru ringut,
cinegatan natap sedyanipun,
yen sageda micara satata janmi,
bok manawa sumbaripun,
tan lega ing manah ingong.

24. Tanpa karya yen idhup,
nadyan urip tan kawentar ingsun,
suka lila luluh awor lawan siti,
jeng nata timbalanipun,

Baruklinthing tokna gupoh.

25. Sapa kang pantes maju,
unjukira kang liningan dhawuh,
pan kajawi saking karsaning narpati,
Baladewa prawira nung,
kang tan mungkur ing pakewoh.

## PANGKUR

1. Wus kinanthi Baladewa,
mring pra among marang byantareng aji,
pan kinon ambekta laju,
lumebu pangawungan,
ngampil taji Baladewa saya prabu,
nama pamungkasing mengsah,
tan rinonce mong wus mijil.

2. Saking grobog gora sabda,
anjanggileng Baladewa tan wigih,
yitna pasang gamanipun,
sima gereng angablak,
ngisis siyung gegilani yen dinulu,
gigiro tan siwah kadya,
ditya wayang kridha dening.

3. Tanganing dhalang yen aprang,
lawan bambang niba malumah jungkir,
Baladewa teteg dulu,
para among sadaya,
asru surak gumuruh gangsa angungkung,
singa nubruk katadhahan,
kataman ing taji lungit.

4. Kalengak sima nyangkelak,

gya tinatap gigiring Margapati,
ambanggel ngrangkul sang kasup,
rikat indha gya natap,
ambruk nglumpruk sima rikat gandhekipun,
anggontor toya sang sima,
gregah tandya nubruk maring.

5. Baladewa yitna tadhah,
kasarengan jangga gurung kataji,
babarpisan sima lampus,
ger surak asru sora,
ngemut driji para gandhek samya aclum,
getun ngungun gawok miyat,
jowal-jawil ting kalesik.

6. Mring kancanira pan mangka,
wau latri panyamanireng ati,
temtu saya dhapet ontung,
kapan kambing meninggal,
dhari kalah tarung sama macan temtu,
Bagendha Sri Maharaja,
punya mau ikan kambing.

7. Mesthi memberi padha saya,
hamba gandhek samuah nak ati,
makan ikan enak-enak,
dhidhalem turut padha,
maharaja wonten ingkang nambung wuwus,
yen pancene bener sira,
goroh yen bisa lir kadi.

8. Dhadhungawuk duk samana,
wonten malih wadya gandhek nambungi,
kadipundi sira niku,
punapanta tan wikan,
jalarane wedhus wau wani tarung,
saben malbu ing pangawungan,
winisik marang kiyai.

9. Lurah Dyan Tumenggung Wreksa,
nagara kang asung ngelmu mring kambing,
marang sima lajeng purun,
marma mong kalih pisan,
laju lampus aprasasat tan tuk kiwul,
kongsi gawe raming driya,
kajawi pancen linuwih.

10. Kadosta sang Baladewa,
sesampunya aprang lan Margapati,
meksa tansah ngamuk kiwul,
ingadu lan waraha,
geng aluhur waraha nemahi lampus,
tur samya pupuh ing aprang,
ingedalan wraha malih.

11. Uga rame campuh ing prang,
yen aywáa kasaru dhawuh aji,
kinon misah gantya wedhus,
nama sang Jayengsena,
mesthi lampus dening Baladewa punjul,
kinocap aprangira sang,
Jayengsena langkung sekti.

12. Cuwaning manah tan aprang,
lan sardula mung kadumanan injubis,
winasuhan dangu lampus,
kaya pa tembe benjang,
lamun ana karsanira jeng sang prabu,
ingadu lawan sardula,
pangirangong langkung wani.

13. Wonten punakawan menda,
kaduk lucu Bagus Palu wewangi,
nabda alon semu arum,
Mas Bei kadi paran,
wonten menda purunya winisik ngelmu,
yen makaten iba-iba,

yen Mas Bei karsa misik.

14. Marang ing momonganira,
Margadipa winisik sinung ngelmi,
daya kuwat wanteripun,
nanging inggih manawa,
wisikira Mas Bei ingkang kalentu,
ngelmu daya pangapesan,
marma mong apesing jurit.

15. Kasaru timbalan nata,
bibar ngadu sima kalawan kambing,
tandya jengkar sang aprabu,
marang ing pasanggrahan,
para wadya makuwon dhumateng kuwu,
tan kinocap wadya-kuswa,
unggyana carios manis.

16. Dyan Bei Atmosasana,
sesampating pakarti ngarseng aji,
malem Akad wanci pukul,
sawelas ngaso marang,
pondhok kuwu sadulur kang durung turu,
Abunandir namanira,
nujwanyrat tinakon dening.

17. Ing graja Dyan Atmasana,
thole iku apa kang sira tulis,
Abunandir mangsul wuwus,
jalaran wau siyang,
langkung eram amba marang tarungipun,
kagungan nata maenda,
kang tarung lan Margapati.

18. Dadya ngong kengetan marang,
duk kalanya Dhadhungawuk ngemasi,
rinengga labet pinatuk,
ing mangke won angguran,

amba babad kinarya sendhon pra kulup,
Dyan Bei Atmasasana,
angling ris murih mring yayi.

19. Srat kinon laju winaca,
sun pyarsakna ingong kalawan ngagir,
lan manawa ana tembung,
tumpang so tandukira,
bokmanawa bisa gawe bener ingsun,
Abunandir gya manembang,
manis swaranya angrengih.

## DHANDHANGGULA

1. Trustheng tyas myat sarkara Sang Aji,
Pakubuwana kang kaping sangsa,
mandhireng Surakartane,
gyanya karsa memungu,
lelabetan ingkang utami,
kadi ta mung maenda,
nama Dhadhungawuk,
raning sanetyaseng karya,
trustha dalem ingaben lan sima tuwin,
waraha salaminya.

2. Datan solo sura jayeng jurit,
marmanira tatkala palastra,
sampurna tilar dunyane,
sira ki Dhadhungawuk,
mayitira karsa narpati,
kinon ngrengga lir janma,
sambadeng sadhawuh,
pinetak ing Langenarja,
tunggal kubur srenggala kagungan aji,
pun Sobrah layonira.

3. Dhadhungawuk ingiring prajurit,
Trunakembang pitungdasatiga,
unen-unen tambur slompret,
Trunasura wong pitu,
mantri urdnas kalih kang ngiring,
lurah wala satunggal,
nenggih namanipun,
Dyan Bei Atmasasana,
lan Wimana lelurah pala wewangi,
gih Mas Atmadimeja.

4. Punakawan kasepuhan tuwin,
kadipatyan kalamun kawical,
triatus pagunggungane,
kajaba rongwangipun,
para abdi kang samya angiring,
watawis satus kehnya,
ngebeki dalanggung,
pra umyat tepining marga,
awit nagri dumugi Langenarja di,
uyel rebut neng ngarsa.

5. Jalu estri wor unggyan mangeksi,
samya gawok umyat karsa nata,
gyanya memulih labete,
sira ki Dhadhungawuk,
de mung menda rinengga adi,
lir kunarpaning janma,
yeku warnanipun,
labet utama tan sirna,
sabobote maenda antuk pepulih,
saiba yen janmaa.

6. Marma tekang mangripta kinteki,
sru kacaryan bek utameng nata,
temah dreng dumarpa tyase,
anglahiraken pitutur,

mring suta lan kadang pribadi,
mula samya ngantiya,
mring madyaning laku,
pirangbara tameng brata,
lamun tibambek nisthip satruning budi,
druhaka kang milala.

7. Labet nistha mandraweng utami,
temah karya sirnaning kawiryan,
kapiran doh wibawane,
wani wanuh mring dudu,
padudon blis kang den karemi,
winih tampa cintraka,
katrajang bebendu,
beka tan kuwagang nangga,
nadyan gagal ing angga mangke ing benjing,
niwasi putra wayah.

8. Wahyaning tyas suka mring bek nisthip,
kethap-kethap yen dulu kabejan,
mung bathi ngemut drijine,
drajat ingkang manglutut,
pepuletan siyasat nagri,
gegirisi yen katrap,
patrapaning kukum,
marma kadang sutra samya,
sesendhona dhandhang myang pucung puniki,
supaya tuk raharja.

## PUCUNG

1. Para kulup memacanga budi cukup,
cekaping weweka,
kahanan kanang miranti,
titi tata tulak tuladha utama.

2. Manah manuh ing manis moneng manungku,
kudanganing kadang,
kadung kadaut dumadi,
dadi bibi baboni ing kawibawan.

3. Wuwuh-wuwuh wuwuh winahaning kawruh,
wruh ananing dina,
dinadar dana menuhi,
anenimpen ing sekar suji saroja.

4. Sura jujur jejer-jejer lajur-lajur,
banjeng bebanjaran,
jinurung andana warih,
ririh ruruh rereh ing pengarah-arah.

5. Nora rangu nora rongeh amirungu,
ngudang kasantikan,
kasantika wus kawuri,
mung memurih kasudarma tyas mardawa.

6. Aywa wuyung kawayang-wiyang kayungyun,
ngayang-ayang ayang,
kayang rambat ambaboni,
ambon-ambon ngimbu beka nora pakra.

7. Krana wimbuh kabubuh bubrahing sintu,
satruning utama,
mamah-mumuh amalilit,
liding warah wong anom aja kalongan.

8. Longing wahyu yungyunen yuning pandulu,
laladaning manah,
ngenanana ing mamanis,
manohara rumabaseng panekungan.

9. Kengang nengkung ing panekung ywa tan jujur,
jejering agesang,
sih madya midayeng wadi,
murih dadi aja ing sadaya-daya.

10. Ywan ing tanduk keladuk ing temah kisruh,
rusak ngajak-ajak,
ing jana nadyan mrih manis,
kemanisen ing temahan nora teka.

11. Ngantu-antu kemantepen dadi tatu,
tuna ing agesang,
kesangsang sawang sungsun sih,
ngasih-asih kasihana sawatara.

12. Rerasan sru kasusu srama-srama sru,
serenging degsura,
saru sinarawung wingit,
ngingit-ingit susungude gawe songar.

13. Nganti tedhuh tur nora dhadhak angadhuh,
dhuh wong anom aja,
mejanani ing wiyati,
dadi tulus lulus barang kang sineja.

14. Aja kuwur sabarang katawur ngawur,
ngawak ngayawara,
warana werit sinebit,
bibit bisu bisakna basa utama.

15. Malalalu luluh kalunta ing tembung,
tembang ing susila,
lara-lara angulati,
ulatana ing jana pinuja mantra.

16. Tumaruntun runtuk nora wowor sambu,
sabarang lilaban,
ilap-ilap milir dalir,
deduluran taler terahing wibawa.

17. Wibawestu turut turasing kas wiku,
wikan yan katekan,
kukum ing kandha kuwalik,
wali-wali wilalade ngalad-alad.

18. Lulut limut lunyu panguwote mrucut,
cucut nora pacak,
cinacak pacak anguncis,
wus kawawas yen tan pecus nemu tiwas.

19. Wantu-wantu antaraning laku dudu,
kudu nemu sara,
sinaratan nora keni,
kena uga anggugu angguru tama.

20. Amemayu mayungi kang sedya ayu,
kayuyun mawarna,
warnanen memanuh tami,
tamanana ing sojar pajar pasaja.

21. Aja ganggu sugal muwus lugug-lugug,
gugupi sujana,
gawe ewaning naya di,
niyatana memanis wenes mardawa.

22. Dimen tulus lulus lemes ulah semu,
muayaning karsa,
karasan keroseng dhiri,
reribede rundah rikuh nora nana.

23. Nahan wimbuh kabubuh drawina nginum,
menuhi sapapan,
papan pantaraning galih,
lilih lila lalu meleng ing kalangyan.

24. Langen nglangut kaluntane dadi luput,
lepat kipat-kipat,
kiparate mirapeti,
titikane nora nganggo sawatara.

25. Antaresmu muwuhi widayeng kalbu,
bebukane babar,
ngambar winih ahli budi,
dadi sinung kadunungan ing susila.

26. Salin catur cintrakane tutur-tutur,
tur nora katara,
terateyan tanpa tari,
tetariken ing pinter pantara rasa.

27. Rasa seru karosan karana sirung,
rusak nasak-nasak,
karusakan tanpa dadi,
dadi uga nanging dadining duraka.

28. Dadi dudu dunduman ingkang satuhu,
utamaning janma,
jenak jetmika ing titi,
titikane wong anom bakal utama.

29. Mayu-mayu maniru ing laku ayu,
ayuning buwana,
winanuh moneng ngenani,
ngenana ing manis tembung kang ganda.

30. Ganda arum marem rumesep ing jantung,
tumuntung ing manah,
neng walikat angraketi,
keket lengket kekanthil tumekeng taka.

31. Tamtu turut ing saturun melu muluk,
lema kasarasan,
sarosa wibawa seti,
titi tatal tuladhane ngandhar-andhar.

32. Angendhanu nungka wusananing kawus,
wasis manah tiwas,
kawewes wusana nguncis,
cihna cacat kacangkol ing calabeka.

33. Bekanipun ing angga agugun-gugun,
guwon tuwon tanpa,
pinapikir aneng sepi,
pepintone kudu maladi ing nala.

34. Nala lalu luluh lutut ing panekung,
kudanganing kanang,
kanang sih sining asepi,
sepatute aja tatu tanpa tata.

35. Tata tamtu titir pamantara putus,
ngawusi ing weka,
kawawang surti miranti,
titikane moneng manungku sujana.

36. Jinemipun pupunton pantara sinung,
nungku ing kawiryan,
ngaweri warna wiwrin,
wrating jana nimpang nimpar ing kahardan.

37. Dadi dunung dumununging agal alus,
luluse sakarsa,
santosa sabarang budi,
dumadine wong iku mangguh utama.

38. Tama temu pasemone barang semu,
semuwa ing warna,
warna-warna peni-peni,
pinituwa nora kena dimejana.

39. Jeneng sepuh kapuwaran dadi ewuh,
wuwuh gawe walad,
ngalad-alad milaladi,
leta apa misih kapapan ing tata.

40. Tata tutug tumanduke gawe luput,
lepiyaning kina,
kakenan malah ing mangkin,
katinggala dadi ala nora dawa.

41. Dawegipun rinapet sadurungipun,
pajara pasaja,
jejeren kang tharik-tharik,
thethariken kabeh kating papaesan.

42. Esmu nyuwun nyuwuna pandunganipun,
lastariya tata,
tetepa kataman ing sih,
sihing wiku bisa agawe suwarga.

43. Aja rikuh marang wiku mowor semu,
muayaning kuna,
para nunungku kasektin,
titikane nora lali mring wong tuwa.

44. Tuwa tuwuh ing warah wuruke tuwuk,
nuwuki wong mudha,
muwuh muwung barang pikir,
pipikiran karana manising sabda.

45. Dadi ayu weh yungyun kang sedya ayu,
yuning adilaga,
gambira gara mawerdi,
wradinana sesamaning sama-sama.

46. Sami muhung ingambek ambapa biyung,
adad doning rana,
rampak rapet nora rempit,
apit tandhing nora kidhung misih dhangan.

47. Ngendhih mungsuh ngadu seti setya tanduk,
dumadine sura,
seka sorana ing budi,
dadi tulus lulus traping boja krama.

48. Rame semu samua dadi gul-agul,
tatangguling rana,
kaweranane ngenani,
nempuh ngapeng kapideren mangun jaya.

49. Mijayestu saestu wit sabiyantu,
tutug ngadilaga,
gagah analangi pati,
titikane yeku senapati tama.

50. Tameng kewuh tan wigih temah pakewuh,
waheng yuda gada,
dinaut andana manis,
manuhara ing dasih dalir wisesa.

51. Srameng tanduk tindak tumanem ing jantung,
tumuntung ing manah,
winanuh wenes pinurih,
ngirih-irih suririh angarah-arah.

52. Rahsa derung kadurus mangguh swarga gung,
gunggunganing angga,
ing urip mangripta titi,
telatena nimpar sabarang duraka.

53. Durakestu tumempuhing mamak-mumuk,
mamak micak nala,
mumuh wareg gunggung dhiri,
dadi riya riyayane ngambra-ambra.

54. Bubrah lebur brahalane a ngendhukur,
'ukur kurmat wisa,
wisayane andrawasi,
saya lama lemu setane drawina.

55. Winantu gung gunggungane wantu-wantu,
wektu tan reringa,
ngangkah pakolehing dhiri,
andhiridhis dharudhus wus pindha menda.

56. Daluya gung mumpangkara tanpa dunung,
nungka amisiksa,
seranane neniwasi,
siyasate tetela lakune ala.

57. Ahli nglalu kalunta-lunta kalantur,
tutur tan rinasa,
saya sangsayaning budi,
dilalahna wong iku kudu duraka.

58. Kerut lebur bubur bawur tanpa tutur,
tuturing kawignyan,
tegese tan wruhing tulis,
mati keles angles nora bisa lunas.

59. Konas-konus ngunus wicara tan patut,
petok petak-petak,
pematuke nora titi,
titikane gitik brutu tibeng wuntat.

60. Wuta ngawur dhawul-dhawul tanpa dhapur,
puwara paesan,
ina papa pacak nguncis,
wus katawis tiwase datanpa tuwas.

61. Tuwa wimbuh kabubuh kabuya bingung,
ngungsi-ungsi marang,
kasarang merang muriring,
karungrungan rangu rongeh tanpa guna.

62. Guwanipun segu-segu sugih sanggup,
senggak lagak-lagak,
weh gugupe bocah cilik,
calawenthah cacade wong tanpa sastra.

63. Temen tamtu tuna ngakal wadhag lembut,
sapolahe kalah,
milalah kalunteng nisthip,
nistha temen aywa na ngemohi sastra.

64. Traping wangun : paesing warna winangun,
ngunadikeng nala,
lengus sapa kaya mami,
minta-minta memilih sandhang utama.

65. Matut-matut inganggo ingkang wus patut,
manoleh manganan,
mangering tumengeng nginggil,
gung tumungkul pacek kaya pacak jangga.

66. Jangga nyunguk mingak-minguk kaya cenguk,
cengenge kecancang,
seting kancer aningseti,
kasingseten sasat kaya nemu siya.

67. Siyanipun sayah lesah saya lesu,
sukerireng sunat,
ing angga angiyanati,
titikane anom moh budi pasaja.

68. Kajat punjul jaja bergas adol bagus,
beranyak macithat,
cetha jenthara mathinthing,
kentheng-kentheng muthuntheng ngaku utama.

69. Mamak ngamuk pangakune nora junun,
jenenging agesang,
mung kasangsang ambesusi,
sujana di adoh kang kaya mangkana.

70. Sujana nung mung nungku sucining kalbu,
budayaning darya,
pinurih ber angalebi,
bisu basa basukining jagadraya.

71. Pinter terus nerus putus tekeng pupus,
pungkas kinawruhan,
wruh beka kang durung dadi,
di weweka mekani kang durung teka.

72. Namar namun sumamaring agal lembut,
bukani santosa,
samengko tumekeng akir,
kertaning rat kang rinaket tan kena sah.

73. Sumaruwung narawung ing anggenipun,
parluning agesang,
resik lair suci wani,
niyat apik gumrining sabarang polah.

74. Ngalah ngelunlun alune ngaluk-aluk,
kaloka ing jana,
jenak sarjana mimpuni,
nimpen wadi widagda ing setimaya.

75. Yaning wimbuh tambahing karya tan tambuh,
bubuhaning gesang,
sangsaya waha ing kardi,
dadi dunung nungkuwa ing asthabrata.

76. Traping wahyu wahya kalamasa sinung,
senenging bageyan,
yan sinami nora keni,
kenanana ing wadine beda-beda.

77. Dadi suyud sumuyut sadayanipun,
patut bisa tata,
tataling kuna tinali,
tinalaten tetuladana utama.

78. Dadi payung mayungi sakayun-kayun,
kayungyuna padha,
bedhami tumekeng ati,
tetisena ing ngarsa tumekeng wuntat.

79. Tindak tanduk duga-duganen ing semu,
muayan ywa langka,
kelangkan kalengki-lengki,
kipatena kiparat pareking angga.

80. Unggah-unggah gurokna ingkang satuhu,
untawis antara,
reraketen aywa tebih,
nebihena panggawe kang tibeng nistha.

81. Nisthanipun yen anggane tukang wuru,
dem iku mawarna,
warnanen wus tanpa wilis,
deming donya milang-miling kedhedheran.

2. Deming bagus karem lungan adol bagus,
deming kawiryawan,
lenguse kalengki-lengki,
lengut-lengut tembene pamer wibawa.

3. Deming kawruh ing saparan madu kawruh,
kongsi bubrah barang,
deme kang nembe antuk sih,
tukang maju methentheng tanpa sisihan.

4. Ulat sirung serenge kadarung-darung,
rongeh amemerang,
mirangrong arsa nyopoti,
nadyan lurah bekele arsa ginuwang.

5. Wangunipun arsa ngijeni praja gung,
nggunggung angganira,
malang kadhak linggih ngarsi,
siya-siya siyasat mring kancanira.

6. Deming teguh santosa mung kaduk purun,
marusa ing tata,
ngelus bau ngentrog wentis,
ngusap brengos mantheleng ladak deladak.

7. Ngugut-ugut lengleng nora singgan-singgun,
senggak lagak-lagak,
sugih rampung gedhag-gedhig,
dhadhag dhadha enya dhadha endi dhadha.

8. Deming minum minuman sadayanipun,
tukang ngayawara,
mungguh surasaning ati,
kaya bisa jukuk lintang lan baskara.

9. Deming sepuh nadyan busuk kudu muruk,
wus adating kuna,
kinenan tumekeng mangkin,
saya bisa saya keh wewulangira.

90. Deming kulup kalaban lebdaning wuwus,
kawus juwas-juwas,
wus nora pisan tinolih,
lalu ngalih ing panggonan isin ngalah.

91. Amarlalu kaluntane sugih nepsu,
sunate kalintang,
trangginas perlu sumingkir,
tan pinikir akire angayawara.

92. Wrana sirung sereng ing sadayanipun,
lamun nambut karya,
ya sadaya-daya dadi,
dadi nora rereh ririh ngarah-arah.

93. Ngarah bagus alus lurus ramping turut,
memeting wangunan,
ngolang-ngaling ngolah-ngalih,
kongsi ngelu kriyane kang nambut karya.

94. Kriya mutung pamit parlu dhateng dhusun,
sangsayane ngrebda,
dadra duka sipat kuping,
putung lebur kabeh bakal rinemukan.

95. Kanti kantu gregah tangi turu tutug,
duka ngambra-ambra,
selang sambut selang titih,
sasaulan iku andeming taruna.

96. Barang barung sabarange kudu punjul,
munjuli ngakathah,
kabrabehan kobrak-kabrik,
ngambra-ambra ngumbruk kabeh tanpa rega.

97. Lamun nuju ana pagaweyan perlu,
karsanya sang nata,
tegese majang pasisir,
sesamine parlu ing wisma priyangga.

98. Tetak mantu sunat tingkep saminipun,
donyane wus lapgang,
sigar nora nana kari,
dadi wurung mung manggung dadya la ela.

99. Labetipun deming nom moh warah wuruk,
rungkat karungrungan,
rongeh kudu muring-muring,
rangu-rangu lengleng kapileng kelangan.

100. Sun karya wus warnaning ngemdem wus tamtu,
linakyan ing janma,
nanging ana kandel tipis,
ingkang tipis iyeku iman utama.

101. Ingkang manggung mendem iku bakal lebur,
lebar tanpa dadya,
ing delahan tan basuki,
sampating srat kaputungan tyas kang ngripta.

102. Yayi Abunandir apa ta wus tutug,
ing pangriptanira,
tur raka sira Bunandir,
tasih kedhik nanging pandeyaning basa.

103. Dereng alus langkung kasar sarta brenjul,
dyan samana nabda,
kulup sun arsa miyarsi,
ngong sru seneng pangriptanta pocung dawa.

104. Sira Abunandir tur raka pukulun,
tuhu jroning manah,
ngong ajrih yen srat puniki,
kawuningan mring kathah kalangkung pringga.

105. Sabab ulun maksih mudha asru cubluk,
gaib ngisis wulang,
Dyan Bei Sasana nambungi,
bener kulup nanging ta iku pustaka.

106. Nora tamtu ing liyan ingkang katuju,
mung nujwa ing karsa,
pamesthi wasita maring,
anak putu lang marang dhiri priyangga.

107. Ala nganggur sepining karya kang parlu,
tinimbang kalawan,
nata kemul ngekep guling,
luwih becik mangripta malad budaya.

108. Budaya yu weh winih sampurneng elmu,
marma kaki aywa,
sumelang pringganing ati,
cinacat lyan aywa ta ing jenengira.

109. Nabi ratu para wali pandhita nung,
keh-kehing sujanma,
ana kang sulayeng batin,
kang mangkono tan kena rinasa-rasa.

110. Unggahipun aywa ta nabi lan ratu,
wali lan pandhita,
yen ta tan cinacat dening,
lyan bok Allah saben ri cinacat janma.

111. Rupanipun sujanma nacat Hyang Agung,
remehe kang janma,
lamun tan tinitih singgih,
ngresuleng tyas surasa nacat Hyang Suksma.

112. Marma kulup wacanen si pocung lantur,
tataran utama,
Bunandir nulya miwiti,
nembang pocung wus arip pinekseng graja.

113. Kusut susut ngisap-isap sepi samun,
senenge tan ana,
nahan kang winarsa malih,
lilah lila laladan mangguh waluya.

114. Liyep semu sumeh sumringah bek sadu,
dungkap paremitan,
tan laya saking kawi gendhing,
ngundhung-undhung gedhige nora katara.

115. Krep tinutup pinatut sawang winangun,
ngomberi sapapan,
papantaraning memanis,
amenuhi moneng manengkung manawa.

116. Nepus-nepus napasing liyan tinepus,
sinami sinamak,
samuwa tinepeng dhiri,
ribed rundah wangi rum tinraping gonda.

117. Nganggep gugu ing lahir tumekeng kalbu,
kabubuhan tepa,
palupi pantara wigit,
wiritena kembang tepus tepa-tepa.

118. Papan turut miturut sadayanipun,
lamun nganggo tepa,
kuwat mor sesami-sami,
sami tuwuh tumuwuh neng jagadraya.

119. Ya kalamun ana wong tan nganggo ukur,
lire tepa-tepa,
ing sabarang-barang iki,
singkirana bakal agawe duraka.

120. Nora wurung ngajak-ajak duraka gung,
gung malih welingan,
sabarang lakuning janmi,
nora kena tinggal parlu lawan majat.

121. Majat iku lan parlu dadi sadulur,
saduluring gesang,
aja kasangsang sungsun sih,
kasihana loro iku poma-poma.

122. Dipun emut yen sira arsa rahayu,
yuwaneng buwana,
ywan tinggal tigang prakawis,
nganggo majat nganggo parlu nganggo tepa.

123. Dadi telu saduluring urip iku,
kang siji minangka,
bapa budi kang nylameti,
kang minangka biyung sedyane raharja.

124. Lima iku kungkungen ana ing jantung,
tancepna ing manah,
templokna poking pangaksi,
simpenana kang sumimpen aja pisah.

125. Siyang dalu dulunen dipun kadulu,
ywa nganti kalingan,
linglingen sajroning guling,
dimen lalu marlalu lulusing gesang.

126. Sanggup surup sumurup ing agal lembut,
bebukaning wirya,
wong kawahyon ahli budi,
dadi nyingkur nyingkiri barang kanisthan

127. Nistha iku tegese nis ilang samun,
tha tulis kamulyan,
dadi wong kang laku nisthip
temen ilang tetulisane kamulyan.

128. Aja temu mengkono becik kang jujur,
jejering agesang,
sanggupa sabarang titi,
tetumanen anut tuladha utama.

129. Temen temu tinemu sasejanipun,
sejaning kawula,
Gusti nurut ngudaneni,
nora nimpang lawan enggale katekan.

130. Milanipun barang pepenginan iku,
kapengina padha,
kang becik nerusing ati,
ngati-ati aja ta kepingin ala.

131. Yen tinemtu tinekan penginanipun,
ala katiwasan,
wusana nora nguwati,
yen tinekan penginane kang utama.

132. Yeku ontung tumuntung rumangsuk jantung,
tuminah ing manah,
ing satitah mikantuki,
ing saturun-turun anampani beja.

133. Kabejan gung saking kajat wijilipun,
nadyan kacilakan,
wit saking celaning budi,
cula-culu teka kepengin cilaka.

134. Saking bawur katawur paes sumawur,
kuwur dadi liwar,
kawaranan barang peni,
neniwasi niaya nora santosa.

135. Santosa nung dunung kang arsa sinung,
kanugrahan endah,
kedah kedale dumadi,
dadi bisa gawe mulyaning sasana.

136. Sameng tanduk tumanduking agal lembut,
lembah manohara,
nora rumasa bisani,
susetyane gung kumambang ing wisesa.

137. Woseng sinung nungku antraning wolu,
lumayan waluya,
wulang lila yen linempit,
malah mipit puteking wardayanira.

138. Anerawung nawang tawang tuwang wimbuh,
barubahing manah,
wenang kang kudu ngraketi,
kanti keket mulet lengket neng walikat.

139. Kanti kantu ketara yen rumbu-rumbu,
kabarubuh rebah,
ambelasah bosah-basih,
misih seru kaseron sarana wida.

140. Wit kadudut kadaut sangkaning luput,
kalempit ing karsa,
kalesering rajapeni,
niaya gung anggubresi raga braya.

141. Bayu-bayu bebayon wus dadya banyu,
baliyur nir daya,
kabudayan rontang-ranting,
rantas runtuh rumantine kabeh sirna.

142. Nahan wimbuh kabubuh mala geng rawuh,
muwuhi sangsara,
karasa misayeng wadi,
dadi tiwas kawewes tibeng cilaka.

143. Cela muput patut ngukut sugih sebut,
sabate rekasa,
kasusu bisa amari,
ririh ngruntuh tetulake nora nana.

144. Nahan tembung kang tinimbang tembang kidung,
pangudange kadang,
dinawakna dadi becik,
becik ngrengkuh rengkuhen sadayanira.

145. Hawa iku weh bubrah barah anglebur,
ngursak kabecikan,
kalebu satruning urip,
ngarep-arep karem nglebur kauripun.

146. Rempak rempu kang miturut hawa nepsu,
sumrambah saterah,
rusuh sru saliring kardi,
kadrawasan wewes kamanungsanira.

147. Neras-nerus rantas hawane naruntus,
turut solah bawa,
ngableg-ngableg bilaeni,
nora wurung niaya badan priyangga.

148. Giyah-giyuh gayuh tuna nyandhak lumput,
puput tibeng nistha,
papantaraning wewinih,
nora luwih yeku wong ngemohi tata.

149. Tata tamtu tinampik ingamuk punggung,
gung liwung galewang,
luweng kedah den tut wuri,
wuru nepsu ilang kaelinganira.

150. Raga runtuh ing jro juran jero sirung,
rumabaseng tiwas,
winawas wus nora keksi,
sida dadi pakane sasira kawak.

151. Wadhuk ajur ingodhel ingadhul-adhul,
dhadha ingerongan,
aja mangkana wong urip,
becik mikir nyingkur nyingkiraken hawa.

152. Kinanipun yen neneman badhe unggul,
gung luhur wibawa,
ngaber-aber hawa bangkit,
kreteng wanda nepsu gung winada-wada.

153. Dadi sinung kanugrahaning Hyang Agung,
ing sasedya dadya,
dumadyaning senapati,
amamati ing ripu nora rekasa.

154. Karseng wimbuh kawimbuhan tumpuk-tumpuk,
ngumbruk barang endah,
sarwa peni rajapeni,
angeneni sumaji sasejanira.

155. Angendhanung kang sinandhang ngundhung-undhung,
neng pundhung andhangan,
gedhonge sandhang sumandhing,
sagendhinge ambebandhang bebandhungan.

156. Kongsi ngumbruk beranyak nora benyunyuk,
ladak nora ngidak,
kendele nora gawe dir,
semu guyu nora gawe guyon tangga.

157. Godhag-gadhug nora gedhag benges wangun,
tan karya ewaning ati,
traping sandhang sedheng nora kadhungsangan.

158. Tegesipun nora langka kumalungkung,
ngungkuli ing akal,
mendhengkel kalengki-lengki,
mung sakira kirane tiba mejana.

159. Jinem lungguh unggah-ungguhe pinatut,
tumruntun pinacak,
ing pacak nora nacicil,
semu sumeh sumarambah mring sasama.

160. Samenipun sumuyut mangayap nayup,
uyeg giyak-giyak,
giyuh lungayaning manis,
nenes ngunus ngenani sasolah bawa.

161. Wantu-wantu winantara tibeng semu,
semuwa ing warna,
warnanen puteking ati,
titikane tan lyan saking ing wanita.

162. Wanita yu ngayu-ayu warneng semu,
mawarneng paesan,
esmu migena ing galih,
ninggal liring lir lanyapan nganyut driya.

163. Nyenyet limut kalumut ing wangi arum,
rinatus dinupa,
paekan manis miranti,
titi tutuk tetek jineme mejana.

164. Jenak wimbuh imba gung pinidih turut,
rereng sinom atap,
tinuting godheg thi-athi,
ngudhup turi rereh ririh yen ngandika.

165. Esmu manglung lungayan pindha lung gadhung,
dhadha nedheng mangkah,
pinekakan mekak purih,
murih rangu mumungu manah wigena.

166. Gawe gandrung darung pijer turut lurung,
wurung karungrungan,
rangu rongeh ing wiyadi,
dadi sida daluya tanpa weweka.

167. Kanti bingung pengung ukurane wor suh,
rusuh nora tata,
tuladha nora tinali,
lira-liru kaleru wus tanpa guna.

168. Gunanipun mung leledhang adol bagus,
geguron utama,
mongarang-arang nemoni,
tinemaha andarung ngungrum wanita.

169. Tatanipun pepunton tan wrin pakewuh,
wuwuh ngayawara,
warane sinebit-sebit,
sumarambah mung ginubah buh ing kana,

170. Nahan wimbuh imbaning wanita putung,
patut katiwasan,
wus nora nana tinolih,
nglalu lilih murih lunturing asmara.

171. Barang wurung rusak utama siningkur,
kur nanggung la-ela,
lengleng manggung ngarih-arih,
lah ing kono sidane wurung sujana.

172. Seja ayu kalindihih kendhi wong ayu,
wus adating kuna,
milir tumeka ing mangkin,
kinthil-kinthil kumantil arang sabila.

173. Ingkang estu yen ginodha ing wong ayu,
yuwana kalingan,
lungayane angalingi,
lengleng uleng kepileng ing gelung malang.

174. Linglung gelung kondhe sekare sumawur,
puspita mawarna,
gonda rum amrik tur minging,
lebur tumpur puwara wurung susila.

175. Lalu kelu kapiluyu ing wong ayu,
ayuning buwana,
binuwang nora na kari,
riribede dadra dadi ngambra-ambra.

176. Ngumbruk-umbruk kabregan wrat nanggi gelung,
gondhele meh gigal,
weh galak agaling galih,
lilih larut kaculiking calabeka.

177. Bekanipun kakung kadaut ing suntrut,
teruh terataban,
buntu budine lestari,
rengreng sirung murang-muring nora tata.

178. Nahan wimbuh ing mangke sinelan catur,
tutur kautaman,
yen sira tinitah sugih,
luwih ngekat ywa lali ngati-atiya.

179. Aja nepsu ngumbar hawa mubra-mubru,
bubrah ngambra-ambara,
dadi brahalane budi,
adad dunya gawe lali mring sasama.

180. Batinipun lali tur mendhâ Hyang Agung,
saka gunging dunya,
kuwasa sasedya dadi,
dadi lali pangwulane mring Hyang Suksma.

181. Ing tyas sengung kalengki-lengki kumlungkung,
legok-legok langka,
mungguh surasaning ati,
ngaku dadi panggedhene alam- dunya.

182. Kabeh makhluk sangisoring awakipun,
nora nana padha,
tangeh yen bisa angirib,
ngirib-irib gawe kaswargan priyangga.

183. Sira Abunandir mring raka umatur,
wus sampat kang serat,
Dyan Bei Sasana nambung ling,
wus gulinga yayi pan meh gagat enjang.

## SINOM

1. Sinigeg kang pocung dawa,
sinelan sekar taruni,
sunaring baskara numpak,
parwata sorot hyang rawi,
katanggap ing jeladri,
nelahi jagad sawegung,.
ing dinten Akad enjang,

satengah nem mala wiyati,
nir mung ima malang udayaning arga.

2. Gumawang saking udyana,
nenuntun tyas wadya sami,
tut wuntat marang narendra,
adreng jatmikaning ati,
tetep tan walang galih,
lulus lega aneng kuwu,
kuwat tan kaengetan,
suta wayah tuwin rabi,
tan karasa lamun tilar wismeng praja.

3. Saben jing kang para wadya,
mung sedya gyanira harsi,
baresik ngrasuk busana,
saksana agyan sumiwi,
marang jroning wedari,
cinatur kang para wadu,
anggandhek tangi nendra,
darung tansah mung ngrasani,
marang menda kagungan jeng sripamasa.

4. Winangun cinandra-candra,
menda catur kala wingi,
ciptaning manah pan kadya,
mung nelaken ingkang dhiri,
yen pikantuk sih aji,
lir kajiman tekadipun,
tan wruh yen mengko samya,
anemahi tekeng pati,
ngepeng tekat sima dwi kapupu ing prang.

5. Prangira tansah weweka,
wekaning tyas mung ngulati,
tusthanira sri narendra,
darung sereng ambeg pati,
titis tandanging jurit,

titis tandanging jurit,
anjrit sima yen katuju,
ing taji gundam-gundam,
gedandapan tan wruh ngisin,
mungsuh iwak dhendheng apes yudanira.

6. 'Dadi apa unggyanira,
sira sima pesing jurit,
kawanteren duduk samana,
ngemel-emel sate kambing,
badan lemu wus dadi,
sima pengawakan wedhus,
mula tekaning aprang,
bratayuda pes ing jurit,
rinampong ing taji lungit mabrak-mabrak.

7. Babrak-babrik rupanira,
mong suka mamangsa maring,
para bangsa ingkang samya,
kinaramken pribadining,
marma ta anemahi,
nandhang susah duraka gung,
agung karem tan kalal,
kalis lelakon utami,
temah ajur rinampog ing taji kathah.

8. Jangjine kang para sima,
mung mangsa angganing jubis,
iku kalal yen minangsa,
balik karem mangsa kambing,
neng pradesan den usir,
sirna rinampog wong dhusun,
nadyan mangsa maenda,
kang aneng jroning piranti,
kang winastan bakungkung tan wande sira.

9. Sinaosken konjuk marang,
ing kangjeng srinarapati,

apese sira sardula,
ingadu kalawan kambing,
kanin taji gumlinting,
iku singa rupanipun,
tan wruh wekaning nalar,
nglalar ingkang jalari,
duraka gung nandhang siasating praja.

10. Jangjine kang para nata,
tata kang tinali-tali,
ing adil kinarya ngarsa,
marma sira margapati,
yen ta bisaa sami,
mangerti lir suteng ulun,
ngong sung wiyata darma,
dimen nir malaning dhiri,
riyayanta kang ngremuk ing uripira.

11. Sangsara wit tan prayitna,
kadi mina jroning warih,
marem memangsa memasan,
sadaya warah ing warih,
dumadak mina sami,
kang tinakdir badhe lampus,
pan sami nurut hawa,
amawas mamangsan adi,
dumeh sampun kalebu sajroning tirta.

12. Tan den nyana yen paekan,
wekaning tyas sirna lali,
laladan mangguh duraka,
kasarap paekan pancing,
kacangkol telak kenging,
ginawa bles telep banyu,
nalikarsa inguntal,
ngel tan wignya umanjing,
mring padharan mina rumasa kasaya.

13. Saya memet amblesira,
kinalar wus sayah nuli,
ingentasken mring wong kang,
misaya mring pribadining,
iku sabab tan uning,
tindak-tanduk yitneng kalbu,
luamah lan amarah,
ginulet dipun turuti,
wonten gandhek sawiji anambung sabda.

14. Yayi sireku sru langka,
mina lawan Margapati,
kinon mangerti lir janma,
sinimak tan bisa sami,
kang sawiji nambungi,
kakang boten pisan ingsun,
mina lan Margadipa,
kinarya tepa palupi,
semu semon pangerang mring badan liyan.

15. Nanging lamun kasambadan,
mring kang karya bumi langit,
mung dineya pepengetan,
enget ing driya pribadi,
maenda kang upami,
tama temenireng kalbu,
singa cidra ing manah,
sinigeg pangripta dening,
putunging tyas tan milir pangroncenira.

16. Titi tlasireng pangripta,
dite ping sanga kang sasi,
Ramelan warsa lumakya,
Wawu sengkalaning warsi,
Trus luhur Sarira Ji,
windu di wuye kang wuku,
pancawlas sasi landa,

Agustus ṣangkaleng warsi,
Sampurnanya ing Badan Sarira-ning Rat.

## KINANTHI

1. Kinanthi pamalad kalbu,
bebeging nala tan milir
ngulur pangripta sawala,
dumba lawan Margapati,
titining sang Bratasena,
Singgunkara nalika ri.

2. Tumpak pancawlas sitengsu,
Puwasa sangkaleng warsi,
mlawang pamberating angga,
teguh ing tekat maladi,
minyak warananing rahsa,
semuning dumba kekalih.

3. Lir yayah rasaning kalbu,
rumasa badhe ngemasi,
unggyanira kaprajaya,
jaya-jayanireng jurit,
marma dumba dwi prawira,
sasmitaning tyas lir kadi.

4. Maladi moneng manungku,
nungku nungkulken kang dhiri,
dhiri njrah cipta masasra,
ṣasra srah lila ngasepi,
nyepi supayantuk wengan,
wawengan sampurneng ati.

5. Dumba dwi samya rinubung,
bangsa nung punggawa kambing,
Bratasena Singgunkara,
tinitik sasmiteng ati,

tinitah atata janma,
mangangsung wiyata maring.

6. Pra dumba kang wus kasumbung,
kasubing praja linuwih,
Basunanda Jayengsena,
sira anggulanga sami,
myat waspadaning kang marang,
ambeging pra wadya sami.

7. Beda padumireng kalbu,
budi budaya tan sami,
ywa ngawak nangguh pambekan,
kapintaa kangpapatitis
tata titining punggawa,
watek gagah sabyapati.

8. Pinetak benehing kalbu,
rehning sira wus piniji,
jinunjung pangkat pramuka,
wekaning tyas aywa sepi,
wawasen punggawa ingkang,
karya nistha lan utami.

9. Nisthaning punggawa lamun,
tengahing aprang minihi,
pangisising wadya kathah,
utamanira kang mantri,
manuntun galaking bala,
bala lawan keter tis-tis.

10. Tinrajang swuh samya mlayu,
Yel-uyelan samya tintrim,
truntunan samya sar-saran,
kasor dening mantri wegig,
ginggal dening glar pawaka,
nir sabawa anggesengi

11. Nadyan lir samodra ripu,
puwara temah angisis,
sirna tan linawan ing prang,
kapranggal gelar linuwih,
rehning ngong upama surya,
wus gumlewang asar wanci.

12. Dadya sun parlu kalamun,
memungup wiyata langip,
mingip wiritaning kitab,
tata trap anteping mantri,
ri ratrine neng kahanan,
ananing seneng sinepi.

13. Nepi pitayeng tyas nungku,
nungku udayaning urip,
pariwara kang mangkana,
nasing rasa bokmanawi,
punggaweku yen melenga,
lengleng ing dudu minihi.

14. Ilang ing kadarmanipun,
marmanta para marsudi,
sru sudi maharseng tata,
tataning budi katapis,
papas utamaning cipta,
yan tan manyipta semedi.

15. Semedina amanglulut,
kakekat lakuning elmi,
tanduking sedya memerang,
kabegjan kahanan adi,
sanadyan den manohara,
karaketan ywa nanggapi.

16. Yen durung mangkana luput,
tumraping para marsudi,
sinudiya kanugrahan,

yen tan atas tata saking,
rehning ngawula narendra
ywa selang sumbut pangesthi.

17. Yeki wiyata jinuluk,
winastan brata-marsudi,
kalawan brata-sampurna,
mangkene karepe iki,
brata-marsudi yen janma,
mrih tampi nugraha mangkin.

18. De brata-sampurna lamun,
ciptasmara marang ngelmi
ananggap tanduking gesang,
lir anda ing saben ari,
ri ratri puruhitaa,
mungguh tekading ber budi.

19. Budaya dayaning kawruh,
mangawruh wadining gaib,
gaib nir reka tan ana,
sampurna angsaling urip,
ri ratrine tan ginampang,
gampang apa ngepeng elmi.

20. Ngelmu rasa den kacukup,
cekap mor kubenging gaib,
yan wus yekti tuk sasmita,
sakehing kodrat puniki,
tinanggap ing sipatira,
pantes ran mantri linuwih.

21. De lamun mangimur-imur,
wiryawan nugraheng Widi,
Widada pangancasira,
ancasen saka prihatin,
prihatin panglulusira,
luluse saka ngoncati.

22. Ing bukti samarwatipun,
mung usada yan wus kingkin,
en guling amungkinarya,
lereming roh lan netepi,
rerigen sampurneng tingal,
tingalira aywa lali.

23. Laladan ing ubengipun,
kawibawan kang neng dhiri,
aywa benggang den santosa,
surtinen bisa katampi,
ing putra canggah mandara,
ambadana nugraha di.

24. Dining nugraha kalamun,
anuwuhken kang sujanmi,
rembes sarkara puspita,
kalawan andana warih,
wewarah dipun pusara,
nadyan ngel dipun kalingling.

25. Lilingen ing agal alus,
larasen saka semedi,
pangupas pamudyaning tyas,
tyas ngaraketa sesami,
darmanana ywa ngendhati.

26. Ngendhata marang bek kang dur,
during rat padudon eblis,
narik wiwara druhaka,
kalangen aywa ngenani,
niayanen yen pepeka,
pepekane budi srani.

27. Srananana ing pangapus,
pepese kang budi srani,
saniskara den kawawang,
wawangen basa utami,

utamane kang punggawa,
elingan sagung palupi.

28. Piawon ingkang sinamun,
sengsem darsaneng utami,
tampaning tyas pan kongsiya,
katanduk nayeng pawestri,
kenya puspita utama,
semune memanuh ati.

29. Titikan punggawa punjul,
anjajal si ating budi,
pinilara mung supaya,
pakantuk kareping dhiri,
ri ratrine widadaa,
wibawa wiryaning ati.

30. Ati akapti kumudu,
kinasihana rijaki,
kak kine kang ambuka,
binuka ati pribadi,
pribadine kang atampa,
tampiya ingkang patitis.

31. Titisna samurwatipun,
panyamat marang sesami,
samanen pangguwang mala,
maluncat aywa pinikir,
pikir amangekering tyas,
tyas ngraket tanduking kapti.

32. Kapti akarya rerikuh,
rikuhing len ywa nglakoni,
sapantese nglakonana,
gawe lega siyang-ratri,
ri ratri puruhitakna,
tata-tatane tan kardi.

33. Daya cuwa sameng kalbu,
kaleban budi gumingsir,
saratana tyas utama,
mananduk ukareng manis,
nis rengat badan raharja,
jaya-jayanireng mantri.

34. Miyak wrana nugraha gung,
gunggungane wong ngaurip,
raras rum wreksa candhana,
candhakan budi utami,
tamiya engga palastra,
larasen aja gumingsir.

35. Gingsira nisthaning kalbu,
ngraketa sagung utami,
manedya pinilih janma,
lir sinebut wulang aji,
ping pat kang madu puspita,
pamilih sujana luwih.

36. Utama martabatipun,
angesthi kukuming widi,
ngirangi badah tan kendhat,
mungkul ing cipta nestapi,
papasen panggunggung angga,
angga mudha tan wruh srik.

37. Saraking tata den caruk,
rinujuk cekaking budi,
budi suka den lembana,
bebana ciptaning ati,
katitik ngisis kawignyan,
wignyane nyelimpet budi.

38. Budi langip watekipun,
ngalangi sagung utami,
adoh marang kautaman,

utamane angaweri,
kasarjanan sinung wuntat,
beging pra mantri winijil.

MIJIL

1. Weneh ana kang darbe bek paksi,
garudha geng kaot,
sapa ingkang titah dunya kabeh,
kang madhani marang jeneng mami,
mabur angluwihi,
akasa ginayuh.

2. Ing sapurug-purug ngong tan wingwrin,
nora kandheg bondhot,
nadyan angker jurang sesungile,
alas muwah bangawan lan kali,
samodra lan ardi,
kang wus tanpa ujung.

3. Lumangkah tan pakewuh tyas mami,
yen krura wak ingong,
karya giris marang driyaning len,
tur geng inggil tanpa lawan mami,
jalu patuk lungit,
kuwat sarta sinung.

4. Aprabawa bayu bajra angin,
yen niyup wak ingong,
mawa sindhung riwut lesus gedhe,
yen angambang tan molah wak mami,
neng wiyat ngalingi,
surya sorotipun.

5. Peteng tedhuh dhedhep tanpa angin,
grah titah Hyang Manon,
bukti dremba sa asha isine,
wana nadyan katingal geng inggil,
gajah warak tuwin,

gajah warak tuwin,
andaka sinipun.

6. Rimba lapgang weneh andarbeni,
beg warak beburon,
watek wuru marusa tingkahe,
barang kalir kekah datan wigih,
warata kalamun.

7. Kambah kuwat tahane nglangkungi,
sumbare wak ingong,
nisa eri yekti tawa kabeh,
datan karya sangsaraning dhiri,
teguh ngong nglangkungi,
sapa kadi ingsun.

8. Beging naga sapa kadi mami,
kekasih Hyang Manon,
sru supeket sarina wengine,
pan kinulit daging betah mami,
tapa pirang warsi,
ampuh upasingsun.

9. Agung inggil suminggun sumingkir,
pamikir tyas ingong,
cipta nedya anggayuh bisane,
sinung luhur delahan sun budi,
rinaja wak mami,
ngraṭoni jronipun,

10. Ing samodra aywa na malangi,
sining warih kasor,
pan wus ingsung tebas salawase,
lara-lapa manggung anestapi,
sajroning dumadi,
sinebuta ingsun.

11. Ran bathara sang naga yen runtik,
titahing Hyang Manon,

keter tis-tis nadyan gunung kabeh,
obah kocak ingkang jalanidhi,
nisa anglir riris,
wrata rat sawegung.

12. Sapa ingkang kaya awak mami,
pangawak wisa ngong,
asru betah mati ragi weneh,
ana ingkang beg mina gung mantri,
sumbarnya gilani,
kabeh isinipun.

13. Ing samodra lamun tutuk mami,
kawagang sun emplok,
pan pinesthi ing hyang ganjarane,
pangan marang iya jeneng mami,
barang katon tuwin,
kapiyarsa lamun.

14. Ana klebat sinarap binukti,
lamun karnaningong,
myarsa swara sabawa-bawane,
pinaranan inguntal tan sirik,
nadyan rowang yekti,
pan wus tanpa kagug.

15. Nadyan suta putune pribadi,
yen sedheng linontor,
mangka mina nglangkungi agenge,
gegilani giris lyan dumadi,
lir prabata siwi,
yen lami tang ngulu.

16. Ulu krura anganggrang ngajrihi,
ngambang anglenggarang,
lir prabata mina ing ciptane,
amet mongsa kasamaran mami,
kang neng jro jaladri,

kang neng jro jaladri,
mawa prabawa gung.

17. Angin arus kepyur-kepyur riris,
pepeteng miyas,
pan ing kono nanduken karsane,
ambebahak begal barang kalir,
yen ngalabak yekti,
haru-hara tuhu.

18. Kocak ingkang jalanidhi ardi,
jugrug marunggul sol,
kalabetan dening sumblake,
ranu mina rumasa tan kalih,
digungnya kapati, ngijeni
ngijeni jro ranu.

19. Yekti nora nana kang tumandhing,
saweneh beging mong,
sapa sesiyung lir mami kabeh,
buron wana yekti tan tumandhing,
rosa luwes wani,
kadi angganingsun.

20. Weneh ana kang darbe beg hesthi,
ngegungken kang buron,
agung inggil rosa balung tlale,
mawa gadhing keringan lir mami,
sajroning wanadri,
sun idak yakti swuh.

21. Sapa ingkang bisa amalangi,
yen ganggu wak ingong,
weneh kadi sarpa ing ambege,
tyas rumasa yen darbe memandi,
dhemes luwes mami,
sesamar neng banyu.

22. Lawan dharat urip badan mami,
iki kabeh buron,
yen niyata sun pateni kabeh,
ingsun sembur sun cakoti tuwin,
sun puleti mesthi,
pan gempang sadarum.

23. Sapa ingkang kuwawa malangi,
lamun ana goroh,
weneh kadi andaka ambege,
sapa ingkang kuwat kadi mami,
dhe gus sungu lungit,
gagah santosa nung.

24. Tetek kuwat birawa ngluwihi,
kinabehna buron,
alas kidang winarna ambege,
sapa seblak sumebut lir mami,
otot kenceng kelit,
angawak satuhu.

25. Lan parigel angambah ri-ori,
yen malumpat ingong,
kebat cikat linuwihken akeh,
barang kalir kang sun idak sami,
tawa datan kardi,
sangsara wakingsun.

26. Weneh ana minantri beg kancil,
sapa pinter lir ngong,
uga cilik raganingsun kiye,
nanging budiningsun kang linuwih,
muthakil lan kalis,
sabarang rahayu.

27. Amung drengki angapus-apusi,
yen bedhat wak ingong,
yekti tumpes sining alas kabeh,

mesthi nora darbe nyawa yekti,
kalebu piranti,
sun dhedhatukipun.

28. Alas kali sapa kaya mami,
weneh lir beg Badro,
mung dharudhus wedhus ing wateke,
datan wikan mring nistha lan wadi,
winarna beg jubis,
ambenceng kang kayun.

29. Barang tingkah tan bisa manolih,
ing kiyeng ngecocor,
angganira lir pring garing weneh,
ambeg kebo yen mangan gayemi,
tan mundhak kang budi,
sapi saminipun.

30. Anglir reca jomlong tanpa pikir,
mituhu sapakon,
tan nambahi ing akal saweneh,
beg wanara jail tyas muthakil,
nakal sru besiwit,
munyuk nyunyak-nyunyuk.

31. Lunyu nglunyat tyasira sengadi,
tama nanging asor,
sesumbare sapalir dheweke,
ingkang pindha kalawan sujanmi,
kinabehna sami,
wanadri sinipun.

32. Mung sajuga raganingsun yekti,
luwes parigel ngong,
marang bangsa werit sesamine,
gelar pira-pira lamun jurit,
yen pinrep kang kering,
manganan wak ingsun.

33. Yen tinuju kang kanan mangering,
yen jinujug ingong,
nora kena bebayani ta yen,
tinempuha sumripit lir thothit,
kesit kilat kadi,
indha sru sumebut.

34. Sarta ngiras nyampe aniwasi,
yen pinukul ingong,
kering ngangkah kananing mungsuhe,
pan ginitik lamun adu arsi,
yekti tibeng wuri,
sarta ngiras nyikut.

35. Yen lawan ngong sawala ngingeri,
yekti awak ingong,
pan wus tiba neng wurine maneh,
ngiras nabok nyilih tangan matung,
mungsuhku ngajurit,
sun dugang pinutung.

36. Iganira lan kuping jiniwir,
jenggit ngiras nyokot,
nyempal sikil lan nyuwek matane,
nyogok irung tur wis ancik-ancik,
neng salang nyalingkrik,
sru bangkit sangmunyuk.

37. Weneh ana kang hambeg turanggi,
sapa kadi ingong,
budi banter gung manempuh ta yen,
mamprung sapa ingkang anunggangi,
tan sedya gumingsir,
urip tekeng lampus.

38. Sapa ingkang kuwat lir wak mami,
kuwasa anggendhong,
marang janma parigel tanduke,

luwes tatak tangguh ing ajurit,
tan oncat beg pati,
keramasa marus.

39. Datan darbe sigan-sigun mami,
ajur luluh ingong,
pan kaduga mimis kang tumameng,
marang angga lestari tan gigrig,
sapa ingkang sinung.

40. Lir wak mami yitna jroning guling,
tan kena wak ingong,
yen cinidra limpat ing osike,
angluwihi panggandanya maring,
satru datan lali,
mangka kalbunipun.

41. Butarepan senggrang sanadyan wis,
wanuh lami kang wong,
pan sinapa-sapa panyapane,
wanti-wanti mantep tekeng pati,
tan pisan ngoncati,
kabecikanipun.

42. Janma sapa gawe becik mami,
sun labeti layon,
pan mangkono anjing wawateke,
dene sarat ping sapuluh mantri,
karana wus wajib,
urip pantes lamun.

43. Cegah marang ambeg kang kewari,
sengung titah asor,
tan prayoga iku ing temahe,
dahat nistha umate Jeng Nabi,
lir buron wanadri,
apa nora mambu.

44. Marang sastra beg sengung ngengkoki,
nora wruh Hyang Manon,
kang molahken ing sakalir kabeh,
beg satuhu mung narah ing Widdhi,
tan darbeya yekti,
cipta tekeng lampus.

45. Apa maning polah tingkah tuwin,
gonira tumuwoh,
adha kabeh saanane kiye,
tan lyan tumindak karsaning Widdhi,
tobat ngrumasani,
darbe tuhu namung.

46. Anggegadhuh karsanireng Gusti,
wenange anganggo,
mung istiyar iyeku sarehne,
misih urip linilan sayekti,
supaya basuki,
sajroning tumuwuh.

47. Marma sira yen amatah kardi,
aywa madung babo,
ing bantala lan yen matrapake,
pacul aywa kapaculaken maring,
kayu tanpa yekti,
bituwas puniku.

48. Nora pakra nistha malah olih,
lembana lyan bodho,
lan ginuyu pra mantri sakehe,
yen sinau sira matah kardi,
lilingen pra mantri,
ywa mundur den tulung.

**DURMA**

1. Kang waspada mring tyas pra mantri samaha,

linglingen kang patitis,
lir kang munya ngarsa,
gebenganing pramuka,
mukaning mantri linuwih
kang wus kaojat,
tingalira wus sidik.

2. Pamawasnya ing budi pan nora samar,
nistha madya dadining,
utama kang para,
senapati tan kena,
nanggenah ngamuk tan pilih,
saesthi yen mawa,
tangguh sawanging dadih.

3. Asli lawan pirasat rapli tan kena,
nari tinutup mangkin,
kalamasanira,
sawiji-wijenira,
kang lagya ginayuh tuwin,
apa kang dadya,
rudatinireng ati.

4. Lagi peteng apa padhang ing tyasira,
lamu padhang tinari,
yen peteng tan kena,
siriken tan prayoga,
upama ilining warih,
sendhet lan miwah,
gumlindhing lamun lagi.

5. Sendhet datan kena tinari temahan,
tan wande aniwasi,
nadyan ta wudhuwa,
nanging wudhu tan yoga,
marga tan tumancep ngati,
karya rengkanya,
prajanira ing Gusti.

6. Sabab pae kalawan ilining tirta,
yen wus langgeng gumlindhing,
sedheng wanterira,
utama tinariya,
yakti tumanceping ati,
tan mindho karya,
kenthel bunder ngantepi.

7. Tekeng tiwas iyeku adating kuna,
kinenan malah mangkin,
winahan watara,
duga-duga prayoga,
sedhenging kang tindak tuwin,
tanduk tan pisah marang pangati-ati.

8. Upamane pramuka sira yen lagya,
rembug murwani pikir,
dadining alaga,
milihi pra widagda,
supaya bakuh ing pikir,
aywa kurangan,
kasantosaning jurit.

9. Purwa madya wasana ywa nganti oncat,
nistha kalamun wuri,
tuh-tinutuh samya,
rembug lamun sulaya,
ing wuri kangsenapati,
tiwas lan nistha,
kurang prasajeng ati.

10. Panggelare barang pikir bobot datan,
tinimbang-timbang malih,
yeku timbanganya,
pilih kasih pan ora,
rempek rebut senapati,
mulya pribadya,
pae kang senapati.

11. Yakti tama kudu kukuh bakuh marang,
mumpangati doh maring,
panggawe kiyanat,
sajroning rerembugan,
durung dadi ngathika mring,
nomer sajuga,
wadya kang ambeg peksi.

12. Tegesipun paksi Garudha Narendra,
nomer dwi ngatik maring,
mantri kang beg naga,
telu kang ambeg mina,
nomer pat kang ambeg hesthi,
nomer lelima,
ambeg banthang kinathik.

13. Kang kaping nemngathika kang beg warak,
sapta beg Margapati,
hastha beg turnangga,
mantri wolu punika,
ywa na anisani pikir,
kang rempek samya,
kajotira ing ati.

14. Yen wus kenthel kangbinudi punggawa kang,
kathah-kathah mung tampi,
parentah wus dadya,
marma Garudha Raja,
tinari iku wit saking,
lepas sabarang,
pikir myang kawruh luwih.

15. Unggyanira ing mengsah yakti uninga,
gampang sungile yakti,
kawuryan sadaya,
adating tunah terang,
beging mengsah wus kalingling,

ping dwi Garudha,
dahat lamun ngajrihi.

16. Bedhatira sayekti datanpa lawan,
pindha Hyang Bayu jurit,
seti tur amawa,
prabawa bayu bajra,
angin-angin barang kalir,
katingal samya,
cinucuk sarta malih.

17. Kang panjawat mobat-mabit yakti karya,
linaning mungsuh sami,
jalu nyangkrem bisa,
memati tan rekasa,
tuhu prawira ngajrihi,
mila sang nata,
tinari sabab masthi.

18. Alus barang pikir jinem nora songar,
ingumpak datan apti,
aju nduring sura,
pasaja tanpa wegah,
pembobote tekeng ati,
sareh pangarah,
titi tindaknya mawi.

19. Lan sasmita yen wus budi yekti karya,
giris lawaning jurit,
geng panjang kalawan,
teguh wantala myang,
pengawak wisa tur mandi,
bisa akarya,
obahing redi-redi.

20. Sindhung riwut riris satibane gesang,
banyu dharatan urip,
wus pindha Hywang Anta,

boga tumempuh ing prang,
satindak kecape mandi,
labet nistapa,
nora kurang kasektin.

21. Pan ing mangko kang beg naga tinariya,
kinathik boting kardi,
yakti yen abedhat,
ngetog pikir pramila,
sang mina tinari-tari,
mirit wit saka,
gung inggil lawan malih.

22. Amalawang jagate kelangkung wiyar,
kabeh sining jaladri,
kedhep jrih kulintang,
kalamun wani mobah,
binukti mina sakalir,
sining samodra,
dhedhep marma kinathik.

23. Yen rembuge nora nana pan mung yuta,
budi siji sru wani,
gung luhur kalintang,
pindha prabata suta,
yen sulaya datan apti,
gempal pama wrat,
jurit sinisan yekti.

24. Datan kena rembug kudu wruh purwanya,
yen bener gyanya ngathik,
luwih kuwat ing prang,
yen budi sengga arga,
malang megung neng jaladri,
prabawa karya,
tidhem surya nemahi.

25. Angin-angin ganda arus tanpa timbang,

ngocaken jalanidhi,
angin riwut siwat,
siwut wun-awun teka,
peteng sesawating warih,
alir bathara,
kala runtik nglebur mring.

26. Bumi gograg angganing kang arga-arga,
mila gajah tinari,
binobot ing karya,
parlu punggawa kang,
beg liman pinirit saking,
gung luhurira,
santosa gegilani.

27. Tlale gadhing tan kidhung tan darbe pringga,
nadyan jurang wanadri,
kali lan prabata,
tan kidhung yen ngancika,
tibeng toya bisa anglangi,
yen ta pinujwa,
bener gyanira ngathik.

28. Parlu lamun kinarya pangamukira,
ripu dadining jurit,
arang kang gegaman,
tumameng angganira,
wit saking kandeling kulit
santosa mawa,
prabawa gora tuwin.

29. Swara sora angajrihi milanira,
sira warak tinari,
parlu geng inggilnya,
kuwat kalintang tanpa,
darbe tyas maras samenir,
teguh wentala,
gaman tan na nedhasi.

30. Kandel kulit pindha kayu tyas sajuga,
wani rikat lan mawi,
cula sekti sarta,
tan tumama ing wisa,
sanadyan tunggak ri-ori,
tawa manawa,
ngamuk tan wegah curi.

31. Parang-parang yen kinemah-kemah sirna,
lapgang gumpes lan tapis,
rampas resik rata,
sirna tan na kang malang,
mila andaka tinari,
uga piritan,
gung luhur angajrihi.

32. Sesamanya buron arang ingkang timbang,
santosa kuwat yekti,
birawa prasaja,
suci wani kalintang,
merem bedhatira luwih,
bagus respatya,
prigel solahing dhiri.

33. Lamun molah solahnya gambuh ing aprang,
jroning prang teguh yekti,
wentala lan arang,
gegaman kang tumama,
nora kidhung marang westhi,
sareh yen lagya,
tinari datan apti.

34. Songar swara kabrangasan tandhuk-tindak,
mungguh leman tan apti,
wangsulan trus manah,
pirit kencenging nalar,
yen wus kenceng ambeg pati,

nyengka tan wegah,
temahing prang neng ngarsi.

35. Dahat suka bantheng angalangi lina,
dadi tanggulang jurit,
pantes semunira,
sedheng wewangsulannya,
timbang-tinimbang dadi.

36. Ning ngalaga nistha madya lan utama,
ingkang liniling-lingling,
mila Margadipa,
tinari parlu saka,
budi werit luwes wani,
prigel ing rana,
tar kawuryan memati.

37. Guna namar bebegal anggreng gurnita,
ngajrihi tandang eling,
bisantuk tan kena,
yen prang rina nenamah,
aprang latri angantepi,
ngamuk gegila,
rusuh marusa pati.

38. Pan wus tita keringan solah nenamar,
ngajrihi tan angeksi,
memaras ing liyan,
manggung kekes nar-enar,
atis neratas ing ati,
prabawa karya,
girisi lyaning ati.

39. Mila kuda tinantun binobot karya,
budi sedheng gumlindhing,
sumanggeng ing karsa,
darbe kasekten nyata,
sasolah bawaning jurit,

anut kewala,
marang sang senapati.

40. Yen kaparek laku rikuh sang turongga,
yakti tan wegah nyangking,
prang mangguh wiyana,
dedalaning utama,
utamaning senapati,
astheku aywa,
tebah rina lan wengi.

41. Pan ginala-gala pinulut sih aywa,
kongsi putung kang ati,
beg wolu punika,
ing manah dipun kena,
wewanuhen ing mamanis,
lan manohara,
pangkat lakuning dasih.

42. Pan pinangkat-pangkat bineda ing rupa,
rupanya siji-siji,
wewiji beg wadya,
ing pakarya denira,
sih pami kang senapati,
buncang pustaka,
surasaning kintaki.

43. Panantang prang sira miliha punggawa,
waraha beging ati,
benceng kenceng nyata,
winani sapraptanya,
gining mungsuh datan wigih,
dadining rana,
kalokira sayekti.

44. Pan ing akeh tama temen mantri ika,
siji thil tan darbeni,
sumelang tyas mulat,

mungsuh gabag saiba,
bendarane senapati,
yen buncang serat,
surasaning kintaki.

45. Ameminta sadhengah ingkang pininta,
amiliya minantri,
kang ngancil begira,
luwes memes sarkara,
jroning samar yekti uning,
tembunging sastra,
kurang bisa nambahi.

46. Kang ukara mandi nora kawadaka,
lamun dinuwa yekti,
bisa melar kadya,
rajut keh momotira,
yen sirarsa nglaksanani,
tumanduk aprang,
ngangkataken prajurit.

47. Amuriha gampanging kang marga-marga,
miliha kang neng ngarsi,
babat tegesira,
mergangsa kang beg warak,
rumanti resiking margi,
ngurug kali myang,
jurang mapar kang sami.

48. Brenjul nadyan lambunging arga pinapar,
warak yektine bangkit,
kayu-kayu ingkang,
angalang-alang marga,
pinarusa wani kadi,
wuru warata,
sadaya margi-margi.

49. Tawa marang ing angker werit tan ana,

baya sampun kalingling,
sekeca kewala,
lakuning bala-kuswa,
ayem unggyanya lumaris,
yen sira karya,
tetanggul agul jurit.

50. Kang supaya bakuh ing rana miliha,
punggawa ingkang sami,
darbe beg andaka,
kang wani tangguh tatak,
nora kidhung marang westhi,
nadyan wuwuha,
masasra lawan jurit.

51. Tobat darbe rumasa gingsir tyasira,
yen kabranan niwasi,
amuke kagila,
gila tan tumuleh reh,
nora nganggo ngetung kanin,
wirang manawa,
mulih urip sayekti.

52. Pan sinebut senapati utameng prang,
lamun milih prajurit,
tegese kang rucah,
miliha kang pambekan,
lir wanara prigel wasis,
tan kidhung aprang,
siniwo ing ajurit.

53. Tinubruk pat tan kena lamun winuta,
latah-latah ngantepi,
tekaning palastra,
yen sirarsa pan sadya,
aneluken praja alit,
tetimbangannya,
tanggung linawan jurit.

54. Amiliha minantri kang ambeg naga,
gathuk padha sawiji,
wani mandi nyata,
ngungkuli ingkang sabda,
yen mareng kang nora wigih,
nalikung pisan,
alus pantoking kardi.

55. Gedhig nora keguh bakuh marang pringga,
kapepet males midih,
kalamun winengkang,
nora kena pan malah,
anggubet laju ningseti,
lamun kapapan,
jar-unjaran sayekti.

56. Panembure wisa mandi panautnya,
siyat-siyut mawanti,
dhemes luwes aprang,
lamun mengsah andhadha,
ginaglag kalamun mosik,
ginodhi pisan,
tuhu naga linuwih.

57. Wegig solahing ajurit yen sirarsa,
nuduh anunggu maring,
tanah kang wus kena,
misih jroning rebatan,
amiliha nami mantri,
kang ambeg mina,
galak gawat geng inggil.

58. Pan daladag digung sagunung tan kena,
mindhik-mindhik pan mesthi,
tegeg pan saksana,
ginaglag gampang wuntat,
sok wus akena ginodhi,
kokum lan datan,

sumanggeng senapati.

59. Kalamun wus tibeng kukuming palastra,
yen durung laju manjing,
ing padharanira,
linepehken saksana,
wateking mina agampil,
aken prakara,
saking kaduga wani.

60. Lan sambada sapa kang nora tarima,
aywa na melu jurit,
sun ijen kewala,
sapa kang kaya ingwang,
rinebuta ing ajurit,
ngong ratunira,
kabeh sining jaladri.

61. Lasar ingwang pan dahat darbe prabawa,
bayu bajra ngin-angin,
sapa kang manganga,
sun untal kang katingal,
kapiyarsa lamun arsi,
kala umiyat,
karya rondhaning jurit.

62. Ngaryeng jroning rana miliha punggawa,
kang darbe ambeg anjing,
luwih prayitnanya,
tan keni cinidraa,
ing mengsah santak kapati,
panyenggrangira,
geter kang kingkin wedi.

## ASMARADANA

1. Dursila tan ana ngancik,
nadyan rowang rongak-rongak,

mindhik-mindhik ing lampahe,
binuru kalamun sora,
panapane tan kendhat,
yen sira karya pacanguk,
yoga miliha punggawa.

2. Kang lir kidang beging ati,
rikat sabda titis-tatas,
putus tan selang sambute,
wewekanya kadi kilat,
sumebut yen amesat,
narithik praptaning atur,
ganep panawanging mengsah.

3. Duga wantaranya dadi,
kalamun sira met lampah,
nlabung sedhenging jurite,
iku sira amiliha,
punggawa kang beg gajah,
saesthi bakuh ing pupuh,
suka kang manggut ing ngarsa.

4. Ayem kang wus samya nglentrih,
rumasa kuwat ing laga,
sawatara bisa leren,
nanging yen wus padha samya,
seger ing angganira,
kenceng rumebut ing lampus,
kalamun tetulung sira.

5. Arsa ngawaki pribadi,
tumempuh ing rananggana,
amiliha minantrine,
siji kang ambeg garudha,
loro beg turangga,
wateking garudha cukup,
mumpuni ing ganal lembat.

6. Tegese ganal lan alit,
alit pakewuhing nala,
ganal ing yuda gadane,
nguwisi iku garudha,
yen lagya mangsah lembat,
dedel wiyati ginayuh,
pikir lepas tanpa lawan.

7. Kaduga neges pribadi,
mring Sang Hyang Jagad Pratingkah,
meminta unggul jurite,
myang sirnaning mengsah aprang,
ilang mala bantala,
yen wus pinareng ing kayun,
tumurun mangsah ing rana.

8. Kusdha neng tengahing jurit,
sampe tan na antuk papan,
kang tinempuh mawut kabeh,
matuk jalu nyangkrem lawan,
kekablak pindha gelap,
sasra bayu bajra sindhung,
angin riwut magenturan.

9. Gogrog anggranireng wukir,
geter pater dhedhet oyag,
lindhu kocak jaladrine,
mungsuh tan bisa gumlawat,
kekes ngres macet lina,
pira-pira kang ingulu,
garudha dremba kalintang.

10. Siyat-siyut ngalor tuwin,
ngidul ngetan ngulon karya,
pepati sapu-lebune,
tanpa timbang de wateknya,
turanggi pan wiyana,
jro yuda wibawa mengku,

kasektin ngentrag saparan.

11. Paran solahe nglanangi,
tan kidhung siring gegaman,
ngoncati mendhak indhane,
mimis breng mumbul malumpat,
tebih kalangkung murwat,
pangamuke nora kidhung,
gandes parigel ing rana.

12. Ngarah-arah nganan ngering,
pangarahe weh kasmaran,
pantes kinanthi yudane,
tetek tur tanggon kalawan,
ngati-ati tyasira,
yen binuru nempuh mamprung,
mungsuhe yakti tan bisa.

13. Nututi yen unggul jurit,
sumebut lir thathit kilat,
ambujung marang mungsuhe,
sayakti lamun kacandhak,
mandar ta kalancangan,
iyeku kagunanipun,
turangga patut tan pisah.

14. Jroning prang lan senapati,
aywa nganti tebah-tebah,
tengahing prang tasik andhe,
turangga pama giyota,
yen sira nukma lampah,
marang sandi-mara samun,
supaya nora kawruhan.

15. Amiliha nami mantri,
ingkang sami ambeg sarpa,
iku wasis wewerite,
nora kidhung laku lembat,

nrenggulun alus nala,
nir nyana wus pindha rumput,
upama tiwas ing karya.

16. Wani nembur yen kacethik,
upase mandi kalintang,
lumaywa pan nora darbe,
sumelang peteng rukutan,
rumpil tiba ing toya,
bisa gesang sartanipun,
mring sungal-sungil tan wegah.

17. Lamun sira arsa kardi,
riwuk kekawaling rana,
kang ambeg singa pinileh,
kukuh mawerit kang watak,
liwat rongak ing lampah,
gawat gung kelangkung-langkung,
rengket rerungkut pan kadya.

18. Sinerung ing lyan kang ati,
manggung kekes ketir maras,
kumitir tyas sumelang yen,
uga-uga nekanana,
ing ratri gora-godha,
amet jiwa jawatipun,
gilani anggreng gurnita.

19. Tumempuh samar ngemari,
ing pikir atis ing manah,
tan tahan nratus nalane,
munthil ngenthel tanpa sura,
kaseser srana tama,
kalamun sirarsa nuduh,
mring pondhong pikuling karya.

20. Sira amiliha dasih,
kang ambeg kebo kalawan,

sapi dwi iku watake,
rosa pitaya tur nora,
umengeng ing pakaryan,
ing sapakon bangun turut,
rereh-ririh tindakira.

21. Tan ngoso dhoso lumaris,
lan tan dhompo lampahira,
yen arsa nuding ing gawe,
jarah rerayah amiliha,
dasih kang ambeg menda,
ngosak-asik andherudhus,
resik sadaya simpenan.

22. Gugur kang ningetken sami,
gemet ulet malah kurang,
gusis tan ana kang ijeh,
mung iku gunaning menda,
ngrayah dimer kalintang,
den gebugi nocok brawuk,
dahat rusuh jag-ejagan.

23. Nora nganggo pilih-pilih,
lan tan kogel sinambatan,
rucah tan tama budine,
mulanta sira elinga,
Basunanda kalawan,
Jayengsena tumuwuhmu,
tinitah wus jeneng dumba.

24. Anging ta karseng Hyang Widhi,
ing mengko sirantuk swarga,
pinilala mring sang rajeng,
kinarya mangenggar driya,
semunira pakaryan,
karya parluning kaprabun,
marma sira dipun samya.

25. Ywa pisah eling ing ati,
gonira cinaket nata,
mung pinurih kasurane,
sureng rana gagah ing prang,
prayitneng hru mayuta,
tan tumoleh pungkur amung,
mantep lina neng ngarsendra.

26. Kaping tri elinga sami,
yen lawanta prang sadaya,
mokal lamun dumadine,
wruhira mring padhang hawa,
tan wimba sing wanudya,
kinarya priya puniku,
apa dene misih samya.

27. Marutaning dhiri masih,
wimba ing irung sadaya,
rerungon krungu sangkane,
ing karna lawan umiyat,
tan lyan saking maripat,
tlapakan panapakipun,
misih napak ing bantala.

28. Nengeng wyat rumasa langit,
keketeke misih samya,
senik-senik jimrah ngakeh,
wujudira neng kahanan,
tan lyan dumadi saka,
roh seta wimba ing kakung,
lan masih myat keblat papat.

29. Yen latri rasaning ati,
misih peteng lamun siyang,
ngrasa padhang kadi dene,
titah keh yen kamarutan,
krasa silir manawa,
raditya sumorotipun,

nanduki maripatira.

30. Kablengeren de kang dhiri,
krasa panas lamun samya,
kabalebeg ana ing we,
kaplepeken napasira,
kandheg meneng kalawan,
mangan minum nganggo turu,
lelakone misih lumraḥ.

31. Apa karanira wedi,
mangsah prang hagnya narendra,
gingsir tyas dahat nisthane,
warastra mangka srinata,
manedhani ampilanya,
kinarya pangamuk ripu,
rampasa kang parang muka.

32. Panjang yen winarneng tulis,
pamalat tekat utama,
mantep temen mring sulihe,
yeku Hyang Jagat Pratingkah,
parlu ngon kalamasa,
waktu prang sarat sajuga.

33. Mung eling ngelmu sawiji,
mangkene ing rapalira,
sureng lina yu sedyane,
kaprabotan ing istiyar,
nistha madya utama,
tri prakara wus kasebut,
gumelar binabar ngarsa.

34. De yen masaning praja di,
murah sandhang lawan pangan,
narendra tentrem prajane,
parlu sira yen gayuha,
klabetan praja harja,

anging ywa tinggal puniku,
nistha madya myang utama.

35. Yen tinggala tri prakawis,
ngong wus tan bisa carita,
yen sira tanya sababe,
para pinter jaman kuna,
kinenan tekeng mangkya,
bakal tan na parlunipun,
panggelar sagung wicara.

36. Ana ala ana becik,
yektiku parlu sadaya,
mung kapriye panganggone,
duga watara wus ana,
priyangganya kang myarsa,
yen ngong gelar bakal dhumpyuk,
surasane kang wiyata.

37. Iya lan kasebut ngarsi,
wa samono tyas tan kena,
bebeg datan bisa sareh,
hosik ngrangap kudu ngucap,
wit saka ngong kaliwat,
tresna marang sira kulup,
wruha rompyohing wiyata.

## SINOM

1. Sabawa pratingkah guna,
miguna kalamun angling,
ling-lingen sangkaning congkrah,
congkrahing pamitra sami,
yen suka nyamnyampahi,
tekating len den sumurup,
witana tan gumisa,
mrih takyin kareping janmi,
yakti janma pandume bineda-beda.

2. Beda datan bisa sama,
samunen wekaning budi,
budi sujana berbudya,
budyanen ing ahli budi,
luluse kang sujanmi,
pawong mitra bisa tuhu,
amangen tyas legawa,
leganana tembung manis,
manisira kang bisa junjung nugraha.

3. Nugraheng samaning janma,
jamakna badan pribadi,
pribadi panepus nala,
nalaning lyan datan tebih,
nebihna ati werit,
werita yen karseng nuju,
tan suka nanggap ing tyas,
ing lyan aywa kongsi kengis,
ingisena kang kinayun pamong mitra.

4. Nging tatraping tata-krama,
ywa kalupan dipun eling,
eling rungsiting tumitah,
tatala jroning tumitis,
mring sama-sameng janmi,
kautaman aywa keguh,
ngeguhna patrap nistha,
nisthanya marang sesami,
samining kang golonganing pangawula.

5. Wulanguna sedya karya,
utama samaning abdi,
dadiya tepa tuladha,
andhadha yan ana kardi,
sumengkut ageng-alit,
linampahan dipun cukup,
cacat suka pepeka,

pakaryanya kang nguluri,
ing rijeki mangka panggesanganira.

6. Rangsangen ing toh palastra,
tatrapna dipun patitis,
purwakaning wong ngawula,
jinunjung pangkat linuwih,
tan sedheng ing pangabdi,
ngandel ing waktu kalamun,
kapesan ing pambudya,
tan angres tekating budi,
amanganti kala masanireng suksma.

7. Suksma tuhu ing paminta,
netesken kajating dasih,
asih mring kawulanira,
kalamun tuhu pangesthi,
sesthining jroning ati,
titi kadalajatanipun,
mula dipun santosa,
musara budi utami,
bisa miyak warana senenging driya.

8. Driyasmara kang pininta,
titika tekdiring dhiri,
Hyang Widhi tan darbe karsa,
sarengate mung nuruti,
kakekating Hyang Widhi,
yen kawedhar datan patut,
patuten jroning iman,
iman mulya den kaesthi,
mangesthiya wirayate wong akuna.

9. Yen wungu ing sore sira,
iku ngalamatireki,
kinasihan malaekat,
tengah wengi para Nabi,
dene yen pukul katri,

trus enjing kang mahaluhur,
nglairken kang dalajad,
tumiba ngulari janmi,
kang nalangsa wetu bangun kajatana.

10. Jatmika tan salah-bawa,
prayitna dhiri pribadi,
ambadan Allah tangala,
ngaluyup gaibing Widhi,
sidhine ing ngaurip,
yen karem ing masanipun,
ywa menga kalamasa,
masane parlu pinikir,
nadyan kudu sabab bener singgahana.

11. Yen bisa ambeg mangkana,
sinebut mantri linuwih,
luwih-luwihing punggawa,
ambeg samodra nis tepi,
parlu wajibing mantri,
rumasa wrat ananipun,
nging ywa neher panampa,
ngegungken ngresuleng ati,
yen mangkana durung sinebut sujana.

12. Apsahing para sujana,
punggawa wenang marsudi,
wajib parlu linampahan,
bisane pangawak elmi,
supaya tan kajadhi,
ing demit kang nguja kayun,
ngejawantah kumerap,
ngedheng mumpung jaman mangkin,
tentrem harja karajane srinarendra.

13. Dadra sirna tanpa sastra,
traping tyas samya ngathawit,
uwel ngathuwel ing manah,

manahira kongsi keksi,
lir gandarwa medeni,
gilani kang para sinung,
eling manungku iman,
iman mulya jaman mangkin,
sirna rusak kapupu prang dening setan.

14. Setanen yen kawadaka,
plenggang-plenggong kadi klenthing,
thinthinge wus tanpa rega,
gonira gragas nut eblis,
bilas rekaning ati,
katitika saking cubluk,
bilaiya yen cubak,
ambebeg mal nora isin,
sanadyana karam ginayem kewala.

15. Dur tyas ngucap mung wartanya,
nyatane masa saiki,
kakikine ngong sru nyaman,
nyamuk-nyamuk sugih nyamik,
kang mangkono minantri,
adate mung rebut dhucung,
kenceng cengkah pangangkah,
ing pamrih kongsi sawarni,
wewe-gombe gegilani wedhus dumba.

16. Dremba amba jangkahira,
ra ratri mikir mis bacin,
kongsi rupa lir ngataga,
kang winastan laler wilis,
kang mangkono minantri,
bok menawa titisipun,
laler lan manuk aran,
bango kasbut ing kintaki,
kang ingaran ing serat Panitisastra.

17. Peksi bango yen ngakasa,

kongsi gayuh ing wiyati,
layak yen sira mintaa,
kaluwihaning dewadi,
ing benjang tuk swarga di,
wasana sadyaning kalbu,
mung ngulati bebathang,
kadi laler angluwihi,
mibur layak mamrih gandaning puspita.

18. Tekaning don jroning nala,
mung ngulati kadhas-kudhis,
kang mangkono pasemonya,
punggawa cengkah ing pamrih,
pamrih nisthaning budi,
budaya mingkar ing elmu,
suka ngemut cilaka,
awrat yen mingkar ing kardi,
kang minihi druhaka linela-lela.

19. Lali lamun ana lina,
lalu luluh asal mangkin,
kasambadan sinung amal,
sapa weruh jaman benjing,
iku critaning mantri,
kang tan pakolih ing kayun,
kayalan pangakunya,
gonya jetmika nis titi,
nadyan nyata goroh yen benjang ginawa.

20. Palastra nyatane mangkya,
ngong dhewe kerep meruhi,
jana lina kang wus kocap,
minantri ingalem luwih,
dene nyatane mayit,
padha bae lan embahku,
tur sru rusuh ing tindak,
kaya dene awak mami,
Basunanda nyebut ngudubilah setan.

21. Dene ta ana punggawa,
wani muwus kaya iki,
Jayengsena kadi paran,
wonten pamuwus kadyeki,
panimbang ta ing galih,
Jayengsena muwus arum,
yen ngong tan wignya nacat,
beda rupa beda ati,
mangka ingkang mangkono wus karsaning Hyang.

22. Mung pamujimba mring Suksma,
binisakna dhiri mami,
nglakoni wiyata darma,
barekahnya sang linuwih,
wewaha sasra malih,
wirayat ngong suka ngrungu,
ngudi marga utama,
sajroning titah-tumitah,
titanira pamangguhing kautaman.

23. Mantep marang tyas darana,
darunanira kadadin,
manut sakarseng pamasa,
satibanira tinuding,
beda panduming budi,
dayaning ngendon tumuwuh,
amoneng panengkungan,
amaladi semedi ning,
neges ing Hyang kang murweng pandulunira.

24. Tingalena maklum ollah,
malah maluya ywa lali,
paesanira ing angga,
amberat ingkang kaeksi,
sapatemoning katri,
sariranta ingkang pangguh,
badan paran bedakna,

ambawaa ambawani,
cipta juga beda ing ganjaranira.

25. Lan eblis kang ngejawantah
kadi kang kasebut ngarsi,
tan mingkar watek druhaka,
kalis lelakon utami,
asnapun titah Widhi,
aywa ta nacat puniku,
amung dhiri priyangga,
gagah animpar beg nisthip,
kentheling tyas pepuji manggih raharja.

26. Hardaa tyas panarima,
manarah karseng Hyang Widhi,
badan dipun kadi sarah,
aneng samodra upami,
manut ombaking warih,
tan darbe karsa puniku,
iku jeneng kawula,
wulangun sampurneng pati,
ingkang datan binonggan yen katemenan.

27. Beda lamun nemenana,
kadi kang munya kintaki,
tajuslatin pepethikan,
ing kitab kasbut bab kaping,
telu sagung minantri
ingawer karem puniku,
kadungan yayah kadya,
nuhoni wong sundel anjing,
den ingkaha masata anuhonana.

28. Mangka ta ing parlunira,
pepeling kang kadi iki,
mung kinarya kaelingan,
atasing ngawuleng aji,
minantri aywa kongsi,

nglabuhi nisthaning kalbu,
kang bukani druhaka,
angrusak marang kadadin,
darmeng angga ing dalem neng alam-dunya.

29. Tata lamun sewu mokal,
bisa lir kang munya ngarsi,
nuhoni sadya sampurna,
ing lina kawula langip,
akal kalawan budi,
anging ywa kongsi kabanjur,
anjujur tekating tyas,
munapek marang Hyang Widhi,
dhirinira yen nyandhang datan kuwawa.

30. Wawelak munapek ing Hyang,
marma martabating dhiri,
katri prakara manawa,
sapatemon aywa kongsi,
darbe karsa pribadi,
tri prakara kudu kumpul,
yen sulaya karepan,
karya badharing pangesthi,
cipta tama dadi dur ing tundonira.

31. Baladewa drojog prapta,
nyelani sabda rum manis,
nambahi wiyata darma,
sarehning sira wus dadi,
manggalaning pra dasih,
ing tata dipun kacukup,
cekap rumekseng praja,
saringana den patitis,
pangimpunya ing praja mrih tentrem harja.

32. Pethikan kawruh utama,
wruha adeging praja di,
tan pae adeging jagat,

ing jagat agal myang alit,
yen wus wruh deging katri,
siji kebatinanipun,
kekalih nunggal lampah,
nora kena benceng kapti,
yen bencenga dadi la-elaning kandha.

33. Angegungken kalingseman,
siya-siya marang jisim,
angumbar kabar kanisthan,
marang liyaning nagari,
ngantepana kekalih,
mateng kalam pedhangi un,
yekti doh lan kanisthan,
kautamane mepeki,
bijaksana marga saking kalam pedhang.

34. Ya tegese bangsan kalam,
kang natrapken barang adil,
ingkang trus jemak myang kiyas,
linimbang dalil lan kadis,
mantep rumekseng nagri,
sabarang kang amrih putus,
tulus kawuleng suksma,
miwah ingkang anuhoni,
netepaken barang surasaning kitab.

35. Angestrini pra ulama,
kebih pangandika Nabi,
winor lawan kasujanan,
sinaring ing ahli budi,
loro kalahiranipun,
batine mung sajuga,
sorote tarik-tinarik,
yen siringa ora amadhangi praja.

36. Yen bunder dadya sajuga,

lair batin dadi siji,
wus pindha mimis kancana,
terus pamawase titis,
tan ana kang badali,
sabarang ing tindak-tanduk,
ngingeraken nagara,
yen sulaya nora dadi,
siya-siya nora ngedegaken praja.

37. Lan ingkang karya rerupan,
ing praja kang edi-edi,
kang dhingin praboting bala,
sabekasing ngajurit,
lan mulud para resi,
pamujane para wiku,
karahayoning praja,
lan rumeksa para dasih,
memanisen pinrih utamaning janma.

38. Miwah rengganing kadhatyan,
mas sotya nawaretna di,
gapura myang kalangenan,
tamane sang prameswari,
lan ingkang karya bukti,
wong sapraja den kawengku,
ywa kongsi kakurangan,
saundhak sabilik-bilik,
pangkat-pangkat mungguh kawulaning Suksma.

39. Aywa kongsi tetunjangan,
satata-tataning wiji,
ywa kongsi putung tyasira,
kang padha suwiteng aji,
amadhangi lurung-lurung,
praja miwah padesan,
rumeksa wadya kang grami,
nora sepi karya kuncaraning praja.

40. Gunggung marang bangsa pedhang,
rinaket kinulit daging,
pasrah jiwa raganira,
ing sapolah biyantoni,
menuhi manis-manis,
andalani tindak-tanduk,
kang marang kautaman,
ing praja pinrih basuki,
angleluri Hyang Endra miwah Hyang Candra.

41. Iku upamane kalam,
lir kalammolah swargadi,
dudu suwa sukawatya,
cilik brebeg kadi biting,
kinaret nora keni,
ginuwang dadi telusup,
karya tangising bocah,
sinandhung ngrusaken sikil,
mung gunane dadya baranging durjana.

42. Tegese kang bangsa pedhang,
natrap istiating aji,
apa saobaking kalam,
kang dahat ing gada gitik,
sayekti anglakoni,
tumindak kalawan wuru,
wuru kuthah ludira,
pecating nyawa lan jisim,
nora kalah pengkuh pamengkuning rana.

43. Akarya genging musakat,
dening kawulaning Widhi,
kang padha laku durjana,
ing praja tan ana kari,
tapis samya pinati,
myang gitik pancoting tudhung,
sapolahe akarya,

gora-godha bilaeni,
ngegungaken andrawina suka-suka.

44. Karya la-elaning liyan,
girisi tyas kekes tapis,
nora wani langak-langak,
neng pinggir gung ketir-ketir,
ajrih pedhang kumitir,
landhepe nora kadulu,
siyat-siyut neng marga,
penganglange delajahi,
padha tatal ngumbar sura lan sudira.

45. Iku jajahaning pedhang,
pindha wisaning prajadi,
amisa prajaning liyan,
rukun lamun nemu kardi,
mung cipta rebut pati,
ngumbar sumbar sugih sanggup,
rempek kang bangsa pedhang,
nora nana nulayani,
yen sulaya putung pupucuking pedhang.

46. Nora ngadegaken praja,
yen ora ngrungkebi jangji,
jangjine kang dadi pedhang,
nora nganggo ngetung pati,
patine wus kinardi,
satata-tataning laku,
marang obahing kalam,
mung miturut anglakoni,
sinabetna ing geni nurut kewala.

47. Iku kaswarganing kalam,
yen pedhange kaduk wani,
nora kidhung ing panunjang,
wani lumebu ing geni,
nora keguh ing sekti,

sekti kawignyaning mungsuh,
mung cipta sabillolah,
nora sugih sanggarunggi,
yen wus wani nabrang sagara ludira.

48. Wus tetep jenenging pedhang,
kabeh kawulaning Widhi,
aja na kang tinggal nama,
sapangkat-pangkating kardi,
mila sinung wewangi,
bangsa pedhang tegesipun,
sesabeting nagara,
aywa ngungkak ing kadadin,
ngluluriya Sang Hyang Bayu lan Hyang Brama.

49. Iku pedhang kang utama,
bisa ngandheg praja kentir,
praja kerem bisa ngentas,
yen rupaa pedhang wesi,
lir masiyat sang pekik,
Baron Sekendher ing dangu,
pedhang gawaning jabang-,
bayi kodrat den paringi,
mring Pangeran dadya lelananging sabrang.

50. Dudu pedhang pulo Jawa,
ing padesan tanah picis,
dawanipun mung saseta,
ageng pucuk nora lincip,
kandelipun saedim,
ingaranan bandhol kethul,
ewuh empaning gaman,
mung pantes gamaning maling,
yen kapelak binuwang saking botira.

51. Iku tataning ngagesang,
kang padha rumekseng urip,
utawa nistha myang wirang,

tan liya kalih prakawis,
kang padha sinung luwih,
luwih kamanusanipun,
dhihin obahing kalam,
adeging pedhang ping kalih,
yen wus ilham tetep wahyu kaluhuran.

52. Adoh saking pancabaya,
rahayune amayungi,
rinaket dening yuwana,
pocapane mung basuki,
ngalar-alar jajahi,
lelanengrat kongsi tepung,
yeku wong bijaksana,
ingkang wus bontos mring gaib,
yeku janma kinasih dening Hyang Suksma.

53. Nyata musthikaning tata,
nora nana kang ngungkuli,
kang kungkulan ing akasa,
kabeh kang kasanggeng bumi,
duk kuna para luwih,
Arab myang pangiwanipun,
awit Jeng Nabi Adam,
pangiwane awit saking,
Sang Aprabu Parijan prapta samangkya.

54. Kongsi jaman Kaliyoga,
ing taun Wawu puniki,
sengkalanira ing warsa,
dedalaning luhur saking,
niyakastha anjagi,
rumeksa mring prabunipun,
isarat mantep marang,
pedhang kalam lamun sami,
tilar temah katekan bilai dunya.

55. Kang ngripta mangkya ing nala,

pineksa-peksa tan milir,
ngulur panjanging carita,
tinata-tata tan dadi,
dadya kedah angudi,
rumiyin pamuluripun,
pangapusing walgita,
Dumba sawala manawi,
antuk nokil sandika nambung carita.

56. Titining tyas kapedhotan,
pangiket nalika kaping,
malem pitulikur Pasa,
riris dres Wawu kang warsi,
sangkalanira mugi,
antuk-a wawenganipun,
pambudi aywa ilang,
pangesthi mugi Hyang Widhi,
anggampilna widadaning wah pangripta.

***

Abdidalem ingkang sami nyambut damel, wonten kagungandalem pasanggrahan ing Langenarja, ing ngandhap punika:

Abdidalem pun Ngabei Prawirasarmada, sowan prikancanipun undhagi: 11, ingkang dipun garap methelli badhe blandar ageng sambetan bangsal kidul, tiyang 1 angsal 3, Wedana ingkang masahi tiyang 1 angsal 3, Wedana natah masahi badhe waton inep kori griya kilen balumbang tiyang 2, ngethoki usuk griya kidul taratag minda tiyang 4 angsal 40 usuk, ingkang methelli badhe saka emperipun, tiyang 5 angsal 2 Wedana, lajeng methelli badhe blandaripun, lajeng kasambet pisan.

Tukang batu 4, glidhig 14, ingkang dipun garap pasang banon kakus jamban sumur wingking, tukang 2 glidhig 10 angsal 3 kakus, lajeng pasang banon talundhagipun kori, angsal 2 kori, anglepa apak-apem ing nglebet, tukang 2 glidhig 4 lajeng angusik.

Banon dhateng: 3000 dados 13500 iji.

Abdidalem prajurit ingkang jagi, tindhih sarsan 1 kopral jajar 5.

Kagungandalem toya benawi, undhak-undhakan kelem 2.

Katur ing dinten malem Kemis tanggal kaping 17 wulan Dulkangidah ing tahun Wawu angka: 1809.

Kula pun Harya Purbanagara.

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustak
Jenderal
8